Щытхъур игъэбагъуэу

2-нэ нап.

ЛІыгъэр зи дамыгъэ Курп лъагапІэхэр

3-нэ нап.

Адэшхуэ-анэшхуэр зи щапхъэ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

№33 (24.783) ● 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 18 , гъуб ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

ТЕКІУЭНЫГЪЭ

3-нэ нап.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Іуэхущ1апІэхэм къызэратамкІэ

Къэрал мылъкур зэрагъэзахуэ

КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и лэжьыгъэм кърикІуагъэм, дызыхуэхІуэ илъэситІым а Іуэхущ1апІэм и къалэн нэхъыщІэхэр зыхуэдэнум теухуауэ щытащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Іэнатіэм и унафэщІ Кlасэ Динэ дригъэкІуэкІа зэІущІэр.

АБы къыщыхагъэщащ республикэм и экономикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм шэщІауэ зэрызауэжьыр, абы къегъэлъагъуэ республикэ бюджетыр щыуагъэнщэу зэрыубзыхуар, гъэзэщІэныр тэмэму зэрызэтеуухар. 2025 гъэм ар зэхалъхьащ Бюджет кодексым сыт и лъэныкъуэкІи изагъэу. Илъэс блэкІахэмри хуэдэу, ар хэгъэпсащ социальнэ Іэнэ-хэр зэфІэгъэкІынымкІи икІи цІыхухэм защІэгъэкъуэныным хуэунэтІауэ нэхъ пасэу къагъэуба къалэн псори егъэзащІэ. Абы хохьэ дэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ я унагъуэхэм щыщхэмрэ защІэгъэкъуэнри. КъыдэкІуэу, бюджетыр теухуащ щІыналъэм нэхъри зегъэужьыным икІи абы къыщыгъэлъэгъащ инфраструктурэ проект инхэр гъэзэщІэныр. КъэзыпщытэкъэзыбжыкІэ палатэм иригъэкІуэкІа къэпщытэмкІ къызэрагъэлъагъэмкІэ, лъэпкъ проектхэр республикэм сыт и лъэныкъуэкІи изагъэу. Илъэс блэкІахэмри хуэдэу, ар хэгъэпсащ социальнэ Іэнэ-хэр, апхуэдэу гъэзэщІэныгъэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ нэхъ мыхъэнэшхуэ зиІэхэм яцІыщІ.

Мы зэманым Іэнатіэм щамурадщ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъур къыздэкІуэр зэрызэхуэдэу зи лъабжьэ Іэмалхэр я лэжьыгъэм адэкІи къыщыгъэсэбэпын пащэну, аудитым и Іыхьэ щхьэхуэзу къыкъуэкІынкІэ хъуну гугъуехьхэр къызэрагъэлъэгъащ щІыкІэхэм зэрагъэужьыну, апхуэдэуи къэрал мылъкур зэгъэзэкуэуэ къэгъэсэбэпыным, ахъшэр зыхуэхаа Іуэхухэм трагъэкІуэдэным щІэгъэкъуэн хуэхъуну.

Нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэху егъэкІуэкІыным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2025 гъэм гъатхэпэм и 12-м №25-ПП

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьаэхэмрэ абы хэтхэмрэ, зауэм хэкІуэдахэм я щхьэгъусэхэм, «Ветеранхэм и Іуэрыхlэ» 1995 гъэм щІышылэм и 12-м къыдэкІа Федеральнэ закон №5 ФЗ-м и 3, 4 пунктхэм къызэщІиубыдэ, апхуэдэу ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм фашистхэмрэ абыхэм я дарэгъуэмрэ къызэрагъэпэща концлагерхэм, геттэхэм, залымыгъэкІэ щаІыгъ нэгъуэщІ щІыпІэхэм иса ныбжьыщІэхэм зэрызэщІагъакъуэр егъэфІэкІуэн икІи абыхэм адэкІи социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етын мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкlэ Зэщ1эузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ органхэмрэ я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюзхэм я федерацэ» союзымрэ къыхыхьажьа жэрдэмыр ядэІыгъын икІи нэхъыжьхэкъэзащІэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэху 2025 гъэм гъатхэпэм и 22-м егъэкІуэкІын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэщlакlуэ властым и органхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацІэхэм, я мылъкур зыхуэдэм емылъытауэ, Іуэхущ1апІэ псоми чэнджэщ етын нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэху хэтыну икІи я зы махуэ лэжьапщІэр абы халъхьэну.

3. Нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэхэм хэтахэм езыхэм яфІэфІу фондым псапашІэ ахъшэу халъхьэр ягъэхын хуейщ «Урысей Федерацым и бюджет Іэнатіэм и лІоужьыгъэхэм Федеральнэ казначействэм и органхэм трагашэ хэхъуэхэр» 03100643000000010400 счётым, «Урысей Федерацым хыхьэ щІыналъэхэм я бюджетхэм я нэгъуэщІ налогыншэ хэхъуэхэр» 961 1 17 05020 02 0000 180 кодымкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий.

Жылагъуэхэр зэщІэгъэкъэбзэн, нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэн

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ «щІыналъэхэм я сыхьэт» зэІущІэр. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм и муниципалитетхэм щыпэрытхэ зэІущІэхэр. Зэ1ущ1эм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, правительствэм и япэ вице-премьер Къуныжь МІэед, щІыналъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЭХУЭСЫМ зыщытепсэлъыхьахэм ящыщщ республикэм и жылэхэр зэщІэгъэкъэбзэным, зэІуэпэщ щІыным хуэунэтІа мазэ лэжьыгъэм хэхьэ Іуэхугъуэхэр. Республикэм и Гъэзэщlакlуэ муниципалитетхэм пщэрылъ ящицІащ гъэзэкІуэкІыным, мазэ кlуэкlым, псыежьэхэм я Іуфэхэм гулъытэ нэхьыбэ хуащІыну, сыту жыпІэмэ а щІыпІэхэр пхъэнкІий идзыпІэ щащІ щыІэщ. Апхуэдэуи ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм щІыхьэр щыгъуазэ щІын икІи республикэм щІыпІэу нэхъыбэ я Іуэхухэм къыхэщІэн зэрыкІуэр. КІуэкІуэ Казбек къалэн ящищІащ Хэку зауэшхуэм и зэманым пыщІа, абы хэтахэм я фэеплъ псоми я щытыкІэр зыхуэдэр иджыри зэ къапщытэжыну.

Мусуков Алий зэІущІэм хэтхэр щыгъуазэ ищІащ «Нэхъыфl псори - сабийхэм», «ЕгъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ», «Коммунальнэ инфрастроктурэр егъэфІэкІуэн», «ЩІыпІэхэм тыншыпІэхэр къыщызгъэпэщын», «Унагъуэ лъапІэныгъэхэр», «Щэнхабзэм и инфраструктурэр», «Унагъуэм защІэгъэкъуэн», «Урысейр Іэмалхэм я къэралщ» щІыналъэ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум. Мы зэманым йокІуэкІ абыхэм ятеухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэщІэлъэныкъуэкІа щыщІа лэжьыгъэхэр, зэхъэзэхуэхэр йокІуэкІ.

Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм (АСМО) и зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ-**Берд Хъэзрэталий**, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я советым» и гъэзэщlакlуэ унафэщІ **Маслов Николай**, республикэм и кlалэ, район администрацэхэм я унафэщІхэр, министрхэр, депутатхэр.

Щ1ыналъэхэм я зэфІэкІыр къапщытэ

Республикэм псэукІэр щефІэкІуэн папщІэ районхэм я пщэ къыдэкуэ кlалэнхэм тепсэлъыхьащ, ахэр нэсу ягъэзэщІэну зэрящыгугъыр жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

- Ди къэралыр, республикэр мы зэманым хопсэукІ Украинэм щекІуэкІ дэз Іуэху хэмхэм кърикІуэ гугъуехьхэм. Къэралым шынагъуэншагъэр къыщызгъэпэщыным, къэкІуэнум дыхуэхъэзырыным къарууэ щыІэр щыхуэдэущтэ зэманщ. Аращ нобэ УФ-м и зауэлІхэр зыщІэбэныр. Абыхэм яхэтщ къэралым и лъахэгъу хахуэкэр икІи республикэм и щІыхьэр зэраІэтымкІэ, лІыхъужьыгъэу къызыкъуахыжьыкІэ допагэ, я хахуагъэр щапхъэ догъэлъагъуэ.

СВО-р кьахьэя нэужь, абы ехьэлІа Іуэхугъуэхэр зэфІэхыным къэру псор яхуэдунэтІащ. Ар ехьэлІащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защІэгъэкъуэным. Сыщыгъуазэщ Іуэхум фи гуащІэ зэрытевгъэкІуадэми СВО-м щыІэхэм я унагъуэхэм фаззэрыпщІами. Зэфlэкl фебгъэжыркъым ди лъахэгъу - зауэлІхэм дэІэпыкъуныгъэхэр яльэгъэІэсыным, зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыкІэкІэмрэ яхуэунэм теухуауэ. Ди зауэлІхэм я унагъуэхэр зыихт лъэпощхьэпохэр, я гукъеуэхэр, зыгъэгузавэхэр псоми зыхыдощыкІ. Муниципалитетхэр фыдолажьэ «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым, «ЛІыхъужьжьэм я щІэблэ», «ЛІыхъужьхэм я лІакъуэ» Іуэхухэм жыджэру фыкэтщ. Адэкlи сыфщІогугъу абы теухуауэ зэфІэвгъэкІэхэм пыфщэну, - жиІащ КІуэкІуэм.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Зыхунэсар къалъытэри, пажэхэр ягъэлъапІэ

КъБР-м и Парламентым и Щ1ал-гъуэлэ палатэм и ешэ зэхуэсыгъуэм и кlэух эзIущ1эр иджыблагъэ екІуэкІащ. Абы зэфІэгъэкІар къыщапщытэжащ икІи нэхъ жыджэру Іуэхум хэтахэр ягъэлъапІащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Къардэн Мурат** кlыхьэхуэсахэм защ1ыхуигъэзэм, кlыхигъэщащ щ1ал-гъуэлэхэр хабзэубзыху Іуэхухэм хэгъэгу-уэзэныр зэрыщхьэпэр, абыкІэ КъБР-м и Парламентым и Щ1ал-гъуэлэм палатэр Іэмалыфl зэрыхъур.

- Фэ щІалэгъуалэр хьворгъэгъуазэ я зыужьныгъэм собэп хуэхъуну Іэмал эмылІэужьыгъуэ куэд абыхэм зэралэм: кlаухэныкъуэхэм защІэгъэкъуэн жылІэми, саугъэтхэр къызэрахьынрами, я проектхэр зэрыпхагъэкІынрами, я Іуэху еплъыкІ къызэрагъэлъэгъуэным щІыкІэрами. КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ кlыхьэрыхичъэщащи, Щ1ал-гъуэлэ палатэр яшыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кlуныкъуэщІапІэхэм ерпхэу щІыІэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ нэхъ купщІафІэхэм. Жыгтэм и щыхьэту къызэлъытэ ерэнэ зэхуэсыгъуэм кьигъэлъэгъуа ехъулІэныгъэхэр, - кlыхигъэщащ Къардэным.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щІэныгъэмкlэ, физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщІ **Емуз Нинэ** жиІащ Щ1алэгъуалэ палатэр зэрылажьэрэ кушым ар «лъэмыж» зэраухуэр, я лэжьыгъэм зэрыщеф1экlуэну Іэмалыщ1эхэр абы къазэрыхуэзгъэхьыныр. КъБР-м и Парламентым и Щ1ал-гъуэлэ палатэм и обгъуэнэ зэхуэсыгъуэм хэтыныхэр зэрыхахам. Емузым дыщІигъуащ ерэнэ зэхуэсыгъуэм зэфІэкІ къыщыхьэты

Щыналъэхэм я зэфIэкIыр къапщытэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

И псалъэм здыпищэм, абы къыхигъэщащ:

- ДызыIут IэнатIэр, ди къалэнхэр гугъу пэтми, республикэм зиужьыным теухуауэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр догъэзащIэ. ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, экономикэ щытыкIэр тэмэму къызэгъэпэщынымкIэ ехъулIэныгъэхэр щыIэщ. ЩIыпIэ самоуправленэхэм фи лэжьыгъэшхуэ хэлъщ абы. ФIыщIэ фхузощI республикэм и псэукIэщыIэкIэм фи зэфIэкI зэрыхэфлъхьэм теухуауэ. ИтIани, псоми къыдгуроIуэ, ди къару демыблэж пэтми, ди бгыр нэхъри щIэткъуэзэу дызытелэжьэн, гулъытэ лей зыхуэтщIын хуей Iуэхугъуэхэри зэрыщыIэр. Ди пащхьэм къоувэ зэфIэхыным хуэныкъуэ къалэныщIэхэр, жэуап зыгъуэтын хуей упщIэхэр. Шэч къытесхьэркъым, фи къару зэвгъэуIуу, къалэнхэм фызэрытелэжьэнум, - жиIащ Iэтащхьэм.

АдэкIэ къытеувыIащ лъэпкъ проектхэм:

- Илъэс гъунэгъухэм нэхъыбэ дыдэу гулъытэ хуэтщIын хуейщ ди Президент Путин Владимир и унафэкIэ ягъэбелджылауэ щыта лъэпкъ проектхэм. Мы гъэм ди республикэр хэтщ апхуэдэ лъэпкъ проект 12-м. Абыхэм текIуэдэнущ федеральнэ мылъкуу сом меларди 9-м нэблагъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым къыхэкIыу сом меларди 2,3-рэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ фэрэ дэрэ жэуап зэрытхьыр. Къалэн мытыншхэр зыхудогъэув ди щIыналъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ. Абы папщIэ зедгъэужьын хуейщ экономикэм, хьэрычэт Iуэхум, иджырей технологиехэм къыдат Iэмалхэри куэду къэдгъэсэбэпыпхъэщ. Нэхъыщхьэращи, ди лэжьыгъэ псоми и Iэужьу щытыпхъэщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр. Абы хеубыдэ улахуэ тэмэм здэщыIэ лэжьыгъэ IэнатIэхэр къызэгъэпэщыным егугъунри. 2030 гъэм ирихьэлIэу дыхуэкIуэн хуейщ Урысейм ику иту щат лэжьапщIэм хуэдиз ди цIыхухэм къалэжьыным. Абы папщIэ дызыхуекIуэн хуей Iэмалхэр щыIэщ. Муниципальнэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хэдгъэхъуэну Iэмал диIэ хъуащ, псалъэм папщIэ. Илъэсыр и кIэм нэблэгъэху абы теухуауэ дгъэбелджыла къалэнхэр зэфIэдгъэкIынущ.

Нобэ ди цIыхухэр нэхъ зыгъэпIейтей упщIэхэм ящыщщ ахэр псыкIэ, хуабэкIэ, электричествэкIэ къызэгъэпэщыныр. 2025-2027 гъэхэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр гъэзэщIа хъуным хуэдунэтIыну ди гугъэщ сом меларди 3-рэ мелуан 560-рэ. Гу лъывэзгъэтэну сыхуейщ мыбыи: ди къалэнхэр зэрыдгъэзащIэм и фIагъыр республикэм и цIыхухэм нэхъыбэ дыдэу къызэрапщытэр псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэм и фIагъымкIэщ.

Гъуэгухэр гъэтэмэмыным теухуауэ ди къалэнхэмрэ мурадхэмри дгъэбелджылащ. Мы гъэм абы сом меларди 5-м щхьэдэх хуэдунэтIащ.

Иужьрей илъэсхэм республикэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI къуажэхэр зыхуей хуэгъэзэным, къэгъэщIэрэщIэжыным, цIыхубэр щызэхуэс щIыпIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ. Иужьрей илъэситхум кърикубыдэу, цIыхубэр щызэхуэс, зыщагъэпсэху щIыпIэу 700-м нэблагъэ къыщыунэхуащ КъБР-м. Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къыщыунэхуащ паркхэр, жыг хадэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр, сабий джэгупIэхэр. Ди цIыхухэр зыхуей хуэгъэзэн хуейщ, зыщыпсэур къалэми къуажэми емылъытауэ. Мы сызытепсэлъыхьым сэ хэзбжэркъым къуажэ щхьэхуэ гуэрым щыIэ губгъуэ IэнэщIым щыщ метр зэбгъуэзэнатIи 100 - плиткэ лъэгу иплъхьэрэ уежьэжыныр. Къуажэм езым къигъэхьэрычэт мылъкум къыхигъэкIын хуейщ къригъэжьар и кIэм зэринигъэсын ахъшэ. Нэхъыбэу муниципалитетхэм я мылъкур къыхокI щIым, бгъэIэпхъуэ мыхъу мылъкум. ЩIым укъигъэшхэн папщIэ ар уегугъуу зепхьэн хуейщ. Мыри къыхэзгъэщынут: республикэм и щIыналъэ щхьэхуэхэм мы гъэм щегъэжьауэ ятынущ турист налог, - жиIащ Iэтащхьэм.

КъБР-м и муниципалитетхэм я зэгухьэныгъэм 2024 гъэм илэжьахэм, дызэрыт илъэсым зыхунэсахэмрэ къызэригъэпэщыну игъэбелджылахэмрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и АСМО-м и унафэщI **Пэнагуэ Максим**. Абы къыхигъэщащ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ лэжьэным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ тегъэщIапIэ пщIын хабзэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыIэр. ЖиIащ 2024 гъэм зэлэжьар экономикэм, цIыхубэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, къэрал программэхэм я Iэмалхэр къэгъэсэбэпыным тещIыхьауэ зэрыщытар.

- СВО-м хэтхэм ядэIэпыкъун папщIэ КъБР-м и АСМО-м зэгурыIуэныгъэ ириухылIащ «Хэкум и хъумакIуэхэм» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм. Къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ лэжьыгъэр щызэпыуркъым дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ. Абы ирагъэшэну хунэсащ ерыскъыхэкIыу, хущхъуэу, щыгъынрэ хьэпшыпу 1 тонным щIигъу, автомобили 100, нэгъуэщI техникэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

2023 - 2024 гъэхэм АСМО-р хэплъащ щIыпIэ самоуправленэхэм зегъэужьыным епха Iуэхугъуэ куэдым. Абыхэм ящыщ куэдыр зэфIэха хъуным я зэфIэкI ирахьэлIащ щIыпIэхэм щыIэ цIыхубэ самоуправленэхэм (ТОС). Мы зэманым ди республикэм щыIэщ апхуэдэ IуэхущIапIэу 117-рэ. Псом хуэмыдэу ахэр щыжанщ Налшык къалэ, Бахъсэн, Прохладнэ, Тэрч щIыналъэхэм, - жиIащ Пэнагуэм.

Максим тепсэлъыхьащ щIыпIэ самоуправленэхэм щылажьэхэм я Iуэху зытетми. 2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу къызэрабжамкIэ, КъБР-м щыIэ щIыпIэ самоуправленэхэм щолажьэ цIыху мини 4,5-рэ. Абыхэм ящыщу 1524-р щIыпIэ советхэм я депутатщ, 2960-р щIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэщ.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ ассоциацэм дэлэжьэну «Эльбрус» корпоратив университетым зэгурыIуэныгъэ зэрыриухылIар.

ИкIэм къытеувыIащ 2025-р Хэкум и хъумакIуэм, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъум я илъэсу зэрыщытым ипкъ иту, республикэм абы теухуа Iуэхугъуэ куэд къызэрыщызэрагъэпэщынур, АСМО-р апхуэдэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтынур.

АСМО-м и ревизие комиссэм и унафэщI, Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Джаппуев Руслан** тепсэлъыхьащ 2024 гъэм кърикубыдэу ассоциацэм къыхэхъуа мылъкум, ар къызэригъэсэбэпам, зыхуиунэтIам. Мылъкур текIуэдащ муниципалитетхэм ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм, къалэхэмрэ районхэмрэ зыхэта зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуахэр гъэлъэпIэным, улахуэ тыным, техникэ къэщэхуным, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн**. Ар къытеувыIащ зи унафэщI министерствэмрэ АСМО-мрэ зэрызэдэлажьэм. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ къуажэхэм я щыIэкIэпсэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ щыIэ къэрал программэм. Абы 2020 гъэ лъандэрэ йолэжь. Ар щхьэпэщ районхэм псэупIэхэр, IуэхущIапIэхэр щыухуэнымкIэ, къуажэхэм я теплъэр иджырейуэ къызэгъэпэщынымкIэ, транспорт Iуэхур щыгъэтэмэмынымкIэ. ЗэлэжьахэмрэкIалэну зыхуагъэувыжахэмрэ я IуэхукIэ щапхъэ зыбжани къигъэлъэгъуащ. Псалъэм папщIэ, Тырныауз къалэр километри 7-м щIигъу зи кIыхьагъ псы бжьамийкIэ къызэрагъэпэщащ. КъагъэщIэрэщIэжащ олимп резервхэр щагъэхьэзыру абы дэт спорт школыр, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ творчествэмкIэ я центрыр. Эльбрус къуажэм щаухуащ ЩэнхабзэмкIэ унэрэ спорт IуэхущIапIэрэ. Щхьэлыкъуэ къуажэм спорт комплексышхуэ дащIыхьащ. Псыхъурей щаухуэ ЩэнхабзэмкIэ унэ. Министрым зэрыжиIамкIэ, мы гъэми а лэжьыгъэм пащэнущ. Бахъсэнёнкэ сабий садрэ физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ комплексрэ щаухуэнущ.

АдэкIэ къэпсэлъащ къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэр. Абыхэм пыухыкIауэ и гугъу ящIащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Хэку зауэшхуэр щекIуэкIым *«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (иджырей «Адыгэ псалъэ») газетым къытехуа тхыгъэхэм ящыщу нобэ фи пащхьэ идолъхьэ нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм ерыщу япэщIэта летчик хахуэ, Советскэ Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий теухуар.*

Ди газетыр зауэм и лъэхъэнэм

Щытхъур игъэбагъуэу

Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр

ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЭМ И ПРИКАЗ

Генерал-полковник ТОЛБУХИНЫМ деж

Советскэ Союзым и ЛIыхъужь капитан Къу. Л. Къардэным деж

Советскэ Союзым и ЛIыхъужь капитан Къу. Л. Къардэным деж

Ныбжьэгъу лъапIэ Къардэн! Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Верховнэ Советым и Президиумыр, Народнэ Комиссархэм я Советыр, ВКП(б)-м и Областной Комитетыр Уэ къохъуэхъур, Советскэ правительствэм и наградэ лъапIэр - Советскэ Союзым и ЛIыхъужь цIэр къызэрыпфIащам, Ленин орденрэ «Дыщэ вагъуэ» медалрэ къуэзэратам папщIэкIэ.

Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэ лъандэрэ сталинскэ бгъэ хахуэхэм урагъусэу, урысхэм, украинцхэм, грузинхэм икIи Советскэ Союзым и адрей народхэм уащIыгъуу Уэ гитлеровц зэрыпхъуакIуэ лъагъугъуейхэр зэтоукIэр.

Уэ уи хэку щалъхуахэр, ордензехьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэрыпсэухэр Уэ уи щытхъум, сталинскэ бгъэ лIыхъужьым и щытхъум иропагэ.

Уэ уи лIыхъужьыгъэмрэ уи зауэгъу ныбжьэгъухэм я лIыхъужьыгъэмрэ и жэуапу абыхэм бийм текIуэныгъэр къызэрагъэпэщ, колхоз губгъуэхэм, предприятэхэм, къулыкъущIапIэхэм псэемыблэжу щылажьэурэ.

Дэ ди фIэщ мэхъур, ди ныбжьэгъу Къардэн Къубатий, Советскэ Союзым и ЛIыхъужь щытхъур, уэ диялэкIи зэрыбгъэбэгъуэнур, ущалъхуа уи щIым лъыр щызыгъэжа цIыхуукI фашистхэр къанэ щымыIэу зэтеукIэныгъэм щIэбэныныгъэм и кIуэцIкIэ.

Узыншагъэрэ зауэм и кIуэцIкIэ текIуэныгъэщIэхэмрэ уиIэну ди гуапэщ.

КъБАССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и председатель И. УЛЬБАШЕВ
КъБАССР-м и Совнаркомым и председатель Х. АХОХОВ.
ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Обкомым и секретарь З. КУМЕХОВ.

Советскэ Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий - щIыхьрэ щытхъурэ!

СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и УказкIэ мы гъэм августым и 24-м летчик Къардэн Къубатий Советскэ Союзым и ЛIыхъужь цIэр фIащащ Ленин орденрэ вагъуэ плъыжь медалрэ къыратыныр къыдэкIуэу.

Товарищ Къардэныр мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыхэкIащ, Нальчикскэ районым щыщ Аушыджэр къуажэм I9I7 гъэм къыщалъхуащ. Къубатий цIыкIуу еджэн щIидзащ. Къэбэрдей-Балъкъэр педагогическэ техникумым щеджащ Къубатий. Ар щапхъэ хэлъу еджащ, зэджэр фIыдыдэу зыригъащIэу. Техникумым щеджэм щыгъуэ авиацэ Iуэхур фIыуэ илъагъуу, техникумым зэрыщIэсым хуэдэурэ аэроклубым кIуэурэ авиацэ Iуэхур иджу щытащ.

1941 гъэр къихьащ. Июным и 22-м зэтемыуэныгъэ договорыр нэмыцэ-фашист Германым гъэпцIагъэкIэ, напэншагъэкIэ икъутэри ар ди хэкум зауэкIэ къытеуащ.

Сталин иным къызэрыхуриджам хуэдэу Советскэ Союзым ис цIыху лъэпкъ псори къызэщIэтаджэри бгъэкIэ бийм пэщIэуващ я щIыр бийм ирамытыну, абы хуэпщылIу мыувыну, щалъхуа я хэкур яхъумэну, бийр зэхакъутэну.

Хэкум цIыху лъэпкъыу ис псоми я адэм, я егъэджакIуэм – Сталин иным игъэса, абы ипIа къуршыбгъэхэри летчикхэри уафэгум бийм щапэщIэуващ, щIылъэрыкIуэ дзэхэр бийм зэрапэщIэувам хуэдэу. А летчик хахуэхэм ящыщ зыт Къардэн Къубатии.

Лей зехьэ бзаджэт
Къыттеуа бийр,
Лейр зымыгъэгъут
Къардэн Къубатийр.

Зауэр зэраублэрэ Къубатий абы и мафIэм хэтщ бийм и гущхьэр зэпеудри. Уафэгум ихьа нэужь Къубатий щIэупщIэркъым – бийм и кхъухьлъатэр дапщэ хъурэ? – жиIэу. Ар щIоупщIэр бийр дэнэ щыIэ жеIэри, и къалэныр имыгъэзащIэу уафэм къехыжыркъым а лIы хахуэр.

Къубатий къыщалъхуа и Хэкур - Советскэ Родинэр фIыуэ елъагъур, абы хуэдэу ар игъэсащ советскэ школым. Къубатий щыгъупщакъым къызыхэкIа лъэпкъым зэрихьэу щыта лIыхъужьыгъэр, хабзэр. КъызыхэкIа лъэпкъым и напэр имыгъэукIытэу ар псэемыблэжу, мышынэжу нэмыцэ-фашист бзаджащIэхэм йозауэр, и Хэкум и щIыхьыр, и хуитыныгъэр, абы и нэмысыр ихъумэу.

Къардэн Къубатийр
ЛIыхъужь къуршыбгъэт,
Кхъухьлъатэ бийр
Уафэгум тримыгъэпыIэт.

Абы хуэдэурэ бий кхъухьлъатэу Къубатий къыриудыхащ 17, зэхикъутащ абы хуэдиз нэмыцэ топ, танкрэ гъущIгъуэгу вагону куэд, зэхиукIащ нэмыцэ солдатрэ офицеру миным нэс. Ар абы къыщыувыIэнкъым, абы иджыри фашист мащIэ IэщIэкIуэдэнкъым.

ЛIыхъужьыгъэрэ хахуагъэу зэрихьам къыхэкIкIэ абы къыратауэ щытащ Ленин ордену тIурэ бэракъ плъыжь зы орденрэ. Иджы абы иIэщ Ленин ордену щырэ бэракъ плъыжь орденрэ. АвиацэмкIэ капитанщ, советскэ Союзым и ЛIыхъужьщ.

ЛIыгъэрэ лIыхъужьыгъэрэ хэлъу мышынэжу нэмыцэ фашистхэр зэхэзыкъутэ, Родинэм и щIыхьымрэ и хуитыныгъэмрэ бийм бгъэкIэ пэщIэувауэ зыхъумэ, Советскэ Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий - щIыхьрэ щытхъурэ!

Мышынэж Къубатий

Лей зехьэ бзаджэт
Къыттеуа бийр,
Лейр зымыгъэгъут
Къардэн Къубатийр.
Къардэн Къубатийр
ЛIыхъужь къуршыбгъэт,
Кхъухьлъатэ бийр
Уафэгум щыригъэпсыхт.
Хэкум урихъумакIуэу
Уафэгум уэ ущызокIуэ,
Бий бзаджэм ущебгъэрыкIуэм
Шынауэ зыIурегъэх.
Къэбзэуа дамыгъэм
Дэ дырогушхуэр,
Гушхуэныгъэр пхэлъу
Уафэгум лъыр ныщогъажэр.
ЦIыкIуми инми уи цIэр къыраIуэр,
Дуней псоми ущыцIэрыIуэу
ЦIэ лъапIэр уэ къыпфIащащ
Хэкум урилIыхъужьу.
Лъыгъажэ зауэу Хэку зауэм
ЩIыхьрэ щытхъукIэ уиблащ,
Бланэ дамыгъэу къэпхьамкIэ
Адэжь и Хэкур къохъуэхъу.

«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» №103, 1943 гъэ, августым и 31.

Гу зылъытапхъэ

Тхыгъэм иджырей ди пэжырытхэм, стилистикэм темыхуэхэр хэтщ, ауэ ахэр зэдмыхъуэкIыжмэ нэхъ тэмэму къэтлъытащ.

Газетым къизыхыжар **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

Жьэжьей лышхым фыхуэсакъ

Узыншагъэ

Лышх узыфэхэмкIэ Дон Iус Ростов къалэм дэт щIэныгъэ къэхутакIуэ IуэхущIапIэм и дохутырхэм дыщагъэгъуазэ а узыфэ шынагъуэр жьэжьейхэм къызэреуэлIар къызэращIэм.

ГЪАТХЭПЭМ и 13-р жьэжьейхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ. А махуэм ирихьэлIэу дохутырхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ топсэлъыхь а узыфэ лIэужьыгъуэм зэрыпэщIэт, зэрызыщахъумэ Iэмалхэм.

- Лышх лIэужьыгъуэу щыIэм я нэхъ ерыщ дыдэу 10-м хеубыдэ жьэжьей лышхыр. Ар нэхъыбэу зэфыкIыр зи ныбжьыр илъэс 60-м нэсахэрщ. Арами, медицинэм фIыуэ зиужьащи, хъарзынэу дыполъэщ абы. Сыт хуэдэ лышх лIэужьыгъуэри къежьагъащIэу къыпхуэхутэмэ, сымаджэхэм я процент 90-р сэкъатыншэу тхуогъэхъуж. Жьэжьейхэри аращ. Илъэсым зэ лъы птымэ, дохутыр зыкIэлъыбгъэплъмэ, и чэзум къыпхуэхутэнущ, - жеIэ IуэхущIапIэм и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Кит Олег.

Уи лъэр щIэхумэ, псынщIэу уешмэ, щIыIэ техьэгъуэ уиIэмэ, плъыржьэрым ухидзэмэ, къызыхэкIыр къыбгурымыIуэу гъур ухъумэ - ар лышхым и нэщэнэщи, дохутыр зэгъэплъын хуейщ. Ар жьэжьейм зэрылъэIэсар къэпщIэнущ гъутхьэпсым лъы хэлъу къакIуэмэ, кIэнтIыIур питхъмэ, джабэхэр къоузмэ, уи ныбэм тыкъыр гуэр илъу къыпщыхъумэ е ныбэр хэхъуэу гу лъыптамэ. Мыбыхэм ящыщ гуэр зыдэфлъэгъужамэ, терапевт, нефролог, уролог е онколог зэвгъэплъ.

Жьэжьей лышхыр уз щэхущи, къызэроуэлIар къыпхуэмыщIэурэ хэтIэсэнкIэ шынагъуэщ. Апхуэдэ къэмыхъун папщIэ, кIэщI-кIэщIурэ дохутыр зыкIэлъыгъэплъын хуейщ. Узыр тынш дыдэу къахуохутэ лъымрэ гъутхьэпсымрэ я анализымкIэ, УЗИ-мкIэ. Ар сыт хуэдэ поликлиникэми щызэфIэкIын Iуэхущ. АбыкIэ цIыхум и гур мызагъэмэ, КТ, МРТ, анализ убгъуахэр щыIэщ.

- Жьэжьей лышхыр операцэкIэ хъуж узыфэщ, лапороскопие IэмалымкIэ е роботымкIэ ящI. Ар сымаджэм емыгуауэ Iэмалхэрщ, псынщIэу зэфIоувэж, узыр нэхъ мащIэщ. Лышхым зиубгъуами, сымаджэм удэIэпыкъуфынущ, ауэ операцэр нэхъ хьэлъэу щытынущ, хущхъуэхэри кIыхьлIыхьу зрихьэлIэнущ, - жеIэ онкоуролог Шевченкэ Алексей.

Дохутырхэм цIыхухэр къыхураджэ я узыншагъэм кIэлъыплъыжыну: цIыху пшэрхэм, зи лъыр дэуейхэм, тутын ефэхэм, узыр зыгъэувыIэ хущхъуэхэр егъэлеяуэ зэзыхьэлIэхэм я жьэжьейм лэжьыгъэшхуэ ящIэри, абы къыхэкIыу нэхъ зыхуэсакъыжыпхъэщ. Шынагъуэщ анэдэлъху узу Гиппель-Линдау, Бёрт-Хог-Дьюба я синдромхэмрэ туберознэ склерозрэ зэфыкIхэм я Iуэхури.

ФЫРЭ Анфисэ.

Дызэрыадыгэр лъэпкъыцIэ къудей мыхъуу...

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБКъУ-м къекIуэлIахэм ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий махуэщIымкIэ ехъуэхъуащ икIи фIыщIэ яхуищIащ Iуэрытхым зэрыхэтым папщIэ. «Лъэпкъым фIыгъуэу зэригъэпэщахэм я нэхъ лъапIэщ лIэщIыгъуэкIэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ и анэдэлъхубзэр. Ар абы и фащэ мыкIуэдыжынщ, и хъумакIуэщ. Бзэм лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэшхуэр къызэщIегъэуIуэ, лъэхъэнэ кIыхьхэм къыпхиха щIэныгъэр ехъумэ. Iуэрытхыр щIэттхыр ди щIэныгъэр здынэсыр кърипщытэжын къудей щхьэкIэкъым, атIэ дызэрызэкъуэтыр, къэкIуэну лъэхъэнэхэм лъэпкъым теухуауэ зэдай гупсысэкIэ зэрыдиIэр къэдгъэлъэгъуэн щхьэкIэщ. Бзэр имыIэмэ, лъэпкъым гъащIи иIэнукъыми, ари тIурылъу, къэкIуэнум щытепщэн хуей мамырыгъэми, дахагъэми, щIэныгъэми датевгъэлажьэ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, илъэс къэс яфIэфIу Iуэрытхым къыхохьэ щIыпIэ куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр, абыхэм я бжыгъэми хохъуэ. Абы уримыгушхуэу къанэркъым. ЗэрыфщIэщи, Урысейм и Президентым и унафэкIэ, 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу ягъэуващ. Дыщогугъ абы ипкъ иткIэ къыхэтха текстым хэлъ купщIэр зыхэфщIэну, мы зэхыхьэм и фIыгъуэ куэд дэтхэнэми къытхудэкIуэну», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

КъБКъМУ-м екIуэлIахэм захуигъэзащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. «Дэтхэнэми тхузэфIэкI хэтлъхьэн хуейщ ди бзэр ди щIэблэм яIурылъу пщэдейрей махуэхэм хыхьэн папщIэ. ЩIДАА-м абы и IуэхукIэ лэжьыгъэ щхьэпэ ирегъэкIуэкIри, къыхэзгъэщыну сыхуейт. КъБР-м и лIыкIуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым щыIэ Къанокъуэ Арсен и мылъкукIэ лъэпкъ щIэныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, бзэм, литературэм, IуэрыIуатэм, тхыдэм теухуа къэхутэныгъэхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ къыдегъэкI. Апхуэдэу адыгэбзэм и зыужьыныгъэм ехьэлIа щIэнIуатэхэр зэхешэ, адыгэ хэгъэгухэм щылажьэ щIэныгъэлIхэм я къарур зэрегъэуIу. Бзэм и Iуэхур лъагъуэ куэду зэхэтщ. Дэтхэнэми и гуащIэр зэхилъхьэмэ, ар гъуэгушхуэу ежьэнущи, абы дыхущIэвгъэкъу, бзэм и хъумэнми псори иужь дивгъэт», - жиIащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

Лъэпкъ библиотекэм щекIуэкIа Iуэрытхым къыщызэхуэсахэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд фIэхъус гуапэ яриха нэужь, къыхигъэщащ лъэпкъым дежкIэ махуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «КъыпхуэмылъытэнупщIэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэщ адыгэбзэ Iуэрытхым зэрылъэпкъыу дызэрызэхуишэсыр. Дэ ди гъусэу нобэ ар ятхынущ УФ-м и щIыналъэхэми, хамэщI щыпсэу ди къуэш-ди шыпхъухэми. Тхыгъэр бзэр зэрахъумэ Iэмал гъуэзэджэщ. Абы иплъхьэ псалъэмрэ гупсысэмрэ кIуэд яIэнукъым. Хуабжьу дыщогугъ ди щIалэгъуалэм анэбзэм хуаIэ щытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зрагъэужьыну, хуэфащэ гулъытэ хуащIу игъэсэну», - жиIащ ХьэфIыцIэм.

КъБКъУ-м къыщызэхуэсахэм тхыгъэм къахуеджащ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщI Езауэ Мадинэ, КъБКъМУ-м щызытхахэм - Налшык къалэм дэт, Къудащ Елбэздыкъуэ и цIэр зезыхьэ гимназие №14-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ, «Усэпсэ» хэгъэгупсо зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэ Табыщ Динарэ, Лъэпкъ библиотекэм щызытхахэм - ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №3-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ, «АнэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» хэгъэгупсо зэпеуэм щытекIуа Жылау Жаннэ.

Iуэрытхым къыхухаха текстыр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым къиубыд Iуэхугъуэхэм ятещIыхьат. «ДжэгуакIуэхэмрэ Хэкум и хъумакIуэхэмрэ» фIэщыгъэр зыгъуэта тхыгъэр зейр Къэрмокъуэ Хьэмидщ. Абы къыхэщырт джэгуакIуэм лъэпкъ гъащIэм дежкIэ иIа мыхьэнэри, хэкупсэр гъэсэнымкIэ абыхэм я пшыналъэхэм яхэлъа къарум и инагъри. Хэкум и щыжакIуэ-хъумакIуэхэращ ар адыгэ лъахэу щIэблэм къахуэзыгъэнари...

Анэдэлъхубзэм и пщIэр къэзыIэт сыт хуэдэ Iуэху дахэми уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым, псом хуэмыдэу лъэпкъ мащIэхэм я бзэр щытыкIэ гугъум зэритыр къыщыбгурыIуэм деж. Апхуэдэу щыт пэтми, Iуэрытхыр щекIуэкIа щIыпIэхэм щIалэгъуалэ хъарзынэ екIуэлIащ, анэбзэр иджыри Iэджэрэ зэрыщыIэнумкIэ фIэщхъуныгъэ къуату. Дыщогугъ жэрдэмыр къыщIыхалъхьа щхьэусыгъуэр мащIэ ищIу, бзэр гъащIэм лъэ быдэкIэ хэзыгъэт гузэхэщIэ узыншэхэр мы Iуэхугъуэ дахэм къыдэкIуэну.

Тхыгъэри сурэтри зейр **ЩХЬЭЩЭХУЖ Иналщ.**

Дунейм щыхъыбархэр

Дыщэ гъэтIылъыгъэхэр

Илъэсищ хъуауэ къэрал зыбжанэм я банк нэхъыщхьэхэм жыджэру дыщэ къащэху, гъэ къэс тонн миным щIигъукIэ я гъэтIылъыгъэхэм къыхагъахъуэу. Дунейпсо дыщэ советым къызэригъэлъагъуэмкIэ, гъущIыкIэ лъапIэм и щэхуакIуэ нэхъыщхьэхэр къэрал зызыужьахэрщ.

РБК медиахолдингым, Банк Нэхъыщхьэр и тегъэщIапIэу, наIуэ къищIащ дыщэ гъэтIылъыгъэ нэхъыбэ зиIэ къэралыгъуэхэр. Япэ увыпIэр США-м (тонн 8133,46-рэ) иIыгъщ, етIуанэр Германием (тонн 3351,53-рэ), ещанэр Италием (тонн 2451,84-рэ), еплIанэр Франджым (тонн 2437-рэ), етхуанэр Урысейм (тонн 2335,9-рэ). Абыхэм къищынэмыщIауэ, гъущIыкIэ лъапIэр жыджэру къэзыщэхухэм ящыщщ Китайр, Швейцариер, Индиер, Япониер, Нидерландхэр.

IэщIагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, 2025 гъэми дуней псом и банк нэхъыщхьэхэм дыщэм хуащI гулъытэр нэхъ мащIэ хъунукъым, къащэхум и куэдагъыр тонн 900-м нэблэгъэну хуагъэфащэ. Къапщтэмэ, гъатхэпэм и 1-м ирихьэлIэу Урысейм и дыщэ гъэтIылъыгъэхэм я уасэр доллар мелард 217,4-рэ хъуащ.

Урысейм яхуидэнукъым

Франджым и президент Эмманюэль Макрон «Le Parisien» газетым ирита интервьюм щыжиIащ европей къэралхэм я дзэхэр Украинэм ягъэкIуэну унафэ къащтэмэ, ахэр Киев, Львов, Одессэ къалэхэм щитIысыкI зэрыхъунур.

АПХУЭДЭУИ къыхигъэщащ а Iуэхур Урысейм и еплъыкIэм емылъытауэ ягъэзэщIэфыну зэрыщытыр. «Евросоюзым и дзэхэр и щIыналъэм щыIэну зэрыхуеймкIэ Украинэр къэлъаIуэмэ, абы арэзы дытехъуэн-дытемыхъуэныр и унафэр Урысейракъым зыщIынур», - жиIащ абы.

Франджым и Iэтащхьэм жиIащ ЕС-м къэрал къэс и мамырщIэкъу дзэм цIыху мин бжыгъэ зыбжанэ хэтыным зэрытригъащIэр, а Iуэхум теухуауэ ирагъэкIуэкI зэпсэлъэныгъэхэр и кIэм зэрынэблагъэр. КъызэригъэлъэгъуамкIэ, абыхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытынущ дзэм къулыкъу щызыщIэ зауэлIхэр Iуэхум хуэгъэхьэзырынымкIэ программэр гъэзэщIэныр, киев режимыр дэIыгъыныр.

НэхъапэкIэ Москва мызэмытIэу къигъэлъэгъуащ Евросоюзым и дзэхэр Украинэм и щIыналъэм щыIэным арэзы зэрытемыхъуэнур.

Гъатхэпэм и 18, *гъубж*

♦**1913 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ округым и лъэпкъхэм я I съездыр.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр зыхуагъэфэща **Хъупсырокъуэ Хъызыр**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, полковник, АР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зрата **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 19, жэщым градуси 3 - 8 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 19, *бэрэжьей*

♦**Iуэхутхьэбзэ зыхуащIэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и псыщIагъырыкIуэ кхъухьхэм къулыкъу щызыщIэхэм я махуэщ**

♦**1930 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къашыргъэ Билал**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДзыхьмыщI Зарэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 2 - 0 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Жейм и щIыхуэ къыптринэркъым.

ЛIыгъэр зи дамыгъэ Курп лъагапIэхэр

Гъэ къэси хуэдэу, щIышылэм и 11-м дэ, гупышхуэ дыхъуу, дыщызэхуэсат Тэрч адрыщIкIэ щыIэ Курп лъагапIэхэм. Тхыдэ мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкIэ, а махуэращ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ди республикэр зэрыщыту къыщыIэщIагъэкIыжауэ щытар.

«УАЕЩ НОБЭ!» - жызыIэу зэхэт гупым къуажэдэс лIыжьхэм ящыщ зым закъыхуегъазэ, езым нэхърэ нэхъыжь гуэрым и псалъэхэр ягу къигъэкIыжу: «Илъэс 83-рэ ипэкIэ мыбдежым щыIа щIымахуэрат уаер, уае фыхуеймэ! ИтIани, щIыIэм и гуащIэри, лыгъэм и мафIэри зыхэзыщIахэм я гур сыт хуэдэу къигъэхуэбэжат нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр мы щIыпIэм зэрыщыщIагъэпхъуэжам? Мы лъагапIэр дэркIэ Iуащхьэмахуэщ, фэеплъ лъапIэри ауэ сытми щагъэувакъым. Бийр ди лъахэм щрагъэкъэбзыкIыжа щIымахуэр республикэм и тхыдэм и зы Iыхьэщ. Аращ мыпхуэдиз цIыху мыбдежым илъэс къэс щIызэхуэсри».

Фронтым и гъунапкъэу щыта Тэрч щIыналъэм къина укIыгъэхэр куэд хъурт. ЛIыжьхэр тегузэвыхьырт хьэдэхэр псынщIэу зэщIэкъуэжа зэрыхъуным. Балигъ ныкъуэм нэса щIалэ цIыкIухэр хьэблэ-хьэблэкIэрэ къыхашурэ, пхъэ IэжьэхэмкIэ хьэдэхэр кумб нэхъ инхэм ирашалIэрт, дыуэ тращIэрти, абдеж щагъэзагъэрт. ЕпIэщIэкIын зэрыхуейр ипэ ирагъэщми, махуэ зыбжанэкIэ ахэр щабжаи щыIащ. ИтIани, псори зэщIэщтыхьауэ зэщIэдыкъа щIыкIэ, я пщэ далъхьэжа Iуэхум хуепIэщIэкIыу, я къару мащIэхэмкIэ пэлъэщын хуейт.

- Зи нэкIур теплъэгъуэ шынагъуэм зэхуишэ ныбжьыщIэхэмрэ тхышэ хъуа лIыжь закъуэтIакъуэмрэщ хьэдэ къуаншэ хъуа сэлэтхэр зэщIэкъуэжыным япэу еувэлIауэ щытар. Арамэ, уэлэхьи, зэрыщытар, дэ зэрызэхэтхыжамкIэ! - жеIэ нэгъуэщI зы къуажэлI нэщхъейми.

Мы псалъэм иужькIэ, пшагъуэ щIыIэр ящхьэщыкIуэтащ гупым, лъэныкъуабэ хъуами ярейуэ, джабэм и адрей нэкIумкIэ ещэтэхри. Щыгум деж, щIалэгъуалэр ежауэ, УФ-м и ныпышхуэр щаукъуэдий. Абыхэм къащхьэщохьэ цIыху зэрымыс кхъухьлъатэ цIыкIур, сурэт ятрихыну. Хъыджэбз цIыкIухэм удз гъэгъахэр хуаIэт, Iэгу йоуэ.

- ЩIалэу зи псэр мыбдеж щызыгъэтIылъахэм зыхащIэу къысщохъу нобэрей щIалэгъуалэм къыддаIыгъ мы Iуэхур. Iэмин! - жеIэ цы хъар хуабэр зэшэкIа нанэ гуэрым.

Пшагъуэ Iувыр Тэрч щIыналъэм щигъуэлъыкIами, цIыхур куэду щызэхуэсат Дуужь IуащхьэкIэ нэхъ пасэм зэджэу щытам деж. Псом япэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, Курп псы Iуфэм Iус жылэхэу Ислъэмеймрэ Инэрыкъуеймрэ я ветеранхэр, школакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, клуб лэжьакIуэхэр, адрей къуажэхэм я лIыкIуэхэр, район къулыкъущIэхэр, Налшык къали ди гъунэгъу щIыпIэхэми къикIа гуп щхьэхуэхэр, ДОСААФ-м и курсантхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу нып дахэхэр зыщхьэщыхуарзэхэр, зауэшхуэ лъэхъэнэм и фэеплъ макъамэхэр зыIэт оркестр къекIур.

ЯгъэIэпхъуэ микрофонхэр псынщIэу хьэзыр ящIыри, псэлъапIэм бгъэдохьэ ди республикэм и Iэтащхьэр, къызэхуэса нэхъыжьхэми хьэщIэхэми сэлам гуапэ фызох, жиIэу.

КIуэкIуэ Казбек кIэщIу къыхигъэщащ 1945 гъэм ди къэралым къизэуа ТекIуэныгъэм и лъапIагъэр, мыбдеж щыхэкIуэдахэм я зэфIэкIи я лIыгъи абы зэрыхалъхьар, дыщыпсэу зэманми фашизмэм и щхьэ кърагъэIэтын гуращэ зиIэхэм ди къэралыр зэрапэщIэтыр, сыт хуэдэ лъэхъэнэми ди республикэм и цIыхубэр Хэкум зэрыхуэпэжыр.

Нобэрей ди щIэблэр нэхъыжьхэм я гъуэгум темыгъуэщыкIыу къэгъэтэджыным пэрыт лэжьакIуи, ветерани, армэм щыщхэри къахэщырт къызэхуэсахэм. Куэдым къацIыхужауэ Iэгу хуеуэрт полковник МэцIыхъу Хъусен, Мэрзей Хьэдий, Гулэжын Беслъэн, Мысачэ Хьэсэн, Абэнокъуэ Володя сымэ.

Коронавирусым иращIэкIауэ щыта карантин лъандэрэ сызыхуэмыза МэцIыхъу Хъусен хъыбар и куэдти, си щIэщыгъуэу седаIуэрт, ауэ а зэтрихьа къомыр зэуэ къызэремызэгъыр езыми къыгурыIуэжырти, «зыхэпщIыкIа!» жыхуиIэ и псэлъафэмкIэ бжэблыпкъкIэ блигъэкIырт. Инженерхэм яIэщ апхуэдэ гупсысэкIэ, псынщIэу Iуэхум хэкIыпIэ къыхуагъуэту. Илъэс 40-м щIигъукIэ армэм апхуэдэ къалэнхэр щезыхьэкIа, щIыпIэ куэдым щыIа Хъусен хьэршырыкIуэ космонавтым хуэдэщи, и акъыл жаныр жэрыгъэкIэ уэгу лъащIэм негъэс. ЗанщIэу къыхигъэщар аргуэру джылахъстэнейхэм зэрыдахьэхарщ: я щIыналъэ, я цIыху, я еблагъэ - псори гуапагъэкIэ гъэнщIауэ зэрыщытырщ, фэрыщIагъэ зэрыдимылъагъурщ. «ЗыхэпщIыкIрэ ар, Лидэ, уэ? Захъуэжкъым! ЗаIыгъщ быдэу! Мис ди республикэ Iэтащхьэми фэрыщIагъэкIэ IущIакъым. ГуапагъэкIэщ! ЩыгуфIыкIащ. Езы КIуэкIуэми къыхигъэщащ мы Iуащхьэшхуэр лIыгъэм и дамыгъэ щIыналъэу зэрыщытыр».

Полковник МацIыхъум къызэрыхигъэщамкIэ, Хэку зауэшхуэм и тхыдэр нэгъуэщIу къыщIидзынкIэри хъунт, гитлерыдзэм и «гъуэгур» мы щIыпIэм къыщызэпамыудамэ. 1942 гъэм и гъэмахуэм фельдмаршал Эвальд фон Клейст и танкыдзэмкIэ кIуэцIрикъутыкIыну хуеят Кавказ Ищхъэрэр, икIи Закавказьем ихьэу, адкIэжкIэ щыIэ Иран, Ирак къэралыгъуэхэри я плъапIэу, тыркудзэри абдежым гъусэ къащыхуэхъуу, Македонскэм къемыхъулIа Индием лъэIэсыну. Ауэ къэхъуар аракъым, нэгъуэщIщ. Советыдзэм и къару щIэкIуэсыкIым зыкърагъэIэтыжащ мы Курп лъагапIэхэм къэрашэлIа сэлэт ныбжьыщIэхэм зэрахьа я лIыгъэм. Къэмыланджэжу яхъумащ Хэкур, щхьэдагъэхакъым фронт гъунапкъэм биидзэр.

А зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм и щIэин-лъэужьхэр илъэс 50 дэкIауэ, пионерлъахэхутэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я фIыщIэкIэ, Курп Ипщэ къуажэм дэт курыт еджапIэм деж щызэхуахьэсыжри, музей хьэлэмэт къыщыунэхуащ.

- Ветеранхэр мащIэ щыхъуакIэ, хэкупсэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм армэм къыхэкIыжа офицерхэри хэшэн хуейщ, - къыпещэ адэкIэ МацIыхъу Хъусен. - Тэрч районми фиIэщ апхуэдэ офицерхэр. Жыжьэ дымыкIуэу къыхэдгъэщынщи, мес феплъыт мо танкыжьым и бгъумкIэ щыт фи Хьэдис! Мэрзей Хьэдисщ жыхуэсIэр, подполковникщ. Армэм хэтащ куэдрэ, къыхэкIыжа иужь, зи армэ дэкIыгъуэр къэса щIалэгъуалэм республикэ военкоматым щадэлэжьащ. АдэкIи зы телъыджэ: фи щIыналъэм щыщ летчик цIэрыIуэ КIэрэф Анатолэ и лIыгъэр къэрал куэдым яхэIуауэ щытащ, Кореем и «Боингыр» уэгум ириубыдэу, къримыудыхыу, щIылъэм зэрыщигъэтIысыфам щхьэкIэ.

АдэкIэ зыхузогъазэ ДОСААФ-м и ветеран, гъэсакIуэ, Хэку зауэшхуэм ехьэлIа дэфтэрхэр зэхуэзыхьэсыж Гулэжын Беслъэн.

- Мы Курп Iуащхьэхэр курсантхэми студентхэми илъэс зыбжанэ хъуауэ кIуапIэ зэращIар ди гуапэщ! Фэ хэфса жыгхэр, Беслъэн, мы уэгъу щIыпIэм щыхимыубыдами, фи Iэр евдзыхыу фежьэжакъым. Мы Iуэхум щIэуэ зыгуэр къыхыболъхьэ сытым дежи, ноби ара? - соупщI сэ абы.

- Дэ районым щыдиIэщ 115-нэ шуудзэм теухуа дэфтэрхэр хъумэнымкIэ зэгухьэныгъэ. Жыджэру дадолажьэ Ростов областым хыхьэ Мартыновскэ щIыналъэм щыщу Хэку зауэшхуэм и тхыдэр зыджхэми. Ахэри Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч районым куэд щIауэ къыпыщIащ, щIэблэр гъэсэнымкIэ ди гъуэгухэр зэтохуэ. Мыдрейуи, дызэчэнджэщри, жыг лъэпкъыгъуэ лъапIэм къыхэщIыкIа, мис мыпхуэдэ тхыгъэ гукъинэж зытет пхъэбгъу зэпэплIимэ мо фэеплъым деж нобэ щыIэщIэтлъхьащ район администрацэм и унафэщIым. ДОСААФ-м и ветеранхэм я гукъэкIкIэ, Мартыновкэ щIыпIэм жыгыщIэ цIыкIухэр куэду яхуэтшащ, яхухэтсащ, я дыгъэрыжьэ уэрамхэр ди щIыналъэм итша къуршы мывэхэмкIэ яхуэдгъэдэхащ. ЖыпIэнур арамэ, ди зэныбжьэгъугъэр нэхъри йофIакIуэ, быдэ мэхъу. Сабийхэр къытхэту, иужьрей зэманым «теле-лъэмыж» зыбжани къыздгъэпэщащ, - къыдет жэуап Гулэжыным.

Тэрч районымрэ Мартыновкэмрэ куэд щIауэ зэпыщIащ. Хэку зауэшхуэм и тхыдэм къыхощыж Ростов областым хыхьэ «Лысая гора» лъагапIэм деж лIыгъэшхуэ щызезыхьа, зи щхьэр щыхэзылъхьа Гуанэхэ Мухьэмэдрэ (старшина) Мурадинрэ (сержант) зэкъуэшитIым ятеухуа хъыбарыр. Ар Курп псы ежэхым Iус къуажэхэм дэт курыт школхэм щеджэхэми куэдрэ зэхахащ, нэхъыжьхэми егъэджакIуэхэми къыжраIэжу, къуажэм щыщ я благъэхэми къаIуэтэжу. Мы тхыгъэр зей сэри куэдрэ сигу къокIыж Гуанэхэ а зэкъуэшитIым я Iыхьлы ТIымыжь Зулымбий «ахэр ди благъэщ» жиIэу къыхигъэщу зэрыщытар. Иригушхуэрт я малъхъэми абы и къуэшми я лIыгъэм. Зэхэсхыгъащ Гуанэ КIэпIитIан сын дахитI ишэу абдеж зэрыщигъэувари, «Лысая гора» лъагапIэм и гъунэгъу станицэм щыпсэухэр сэдэкъэм къызэрыхишари. Сурэт куэди яхъумэ 115-нэ шуудзэм и фэеплъу. Ахэр сигъэлъагъуу щытащ Гуанэ Тамарэ, «цIыкIуи ини щыгуфIыкIырт яхуэтшэ жьэрымэм» жиIэурэ.

Гулэжын Беслъэн и псалъэми къыщыпещэ Ростов областым исхэмрэ КъБР-м щыпсэухэмрэ илъэс 70-м нэблэгъауэ зэрыщIэу, зэкIэлъыкIуэу зэрыщытыр.

- Дапщэрэ яхуэтша абыхэм я щIыпIэр зэрагъэдэхэн жыгхэр, нэгъуэщI къэкIыгъэхэр, «къурш жьакIэ» жыхуаIэ мывэ дахэхэр? Я район ныпри ди республикэм къэтхьри, Iуащхьэмахуэ щыгу яхудэтхат, щыдгъэхуарзэрэ сурэтхэри щытетхыжу! МэгуфIэ ахэр хуабжьу. Зы мащIэри гуапэ ящохъу! «Фи адэхэращ нэмыцэм дызэтрамыпIытIэу дикъезыгъэлар, фыдикъуэшщ!» къыджаIэ. Мис ар я щIэблэм гурагъаIуэ. Мы гъэм ягъэлъэпIэнущ Мартынов районыр илъэс 90 зэрырикъур, - къыджеIэр адэкIэ Гулэжыным.

Ар я нэгу щIэкIат Тэрч районым щыщ Гуанэхэ я унагъуэм. Лысая гора жыхуаIэ щIыпIэм деж, Мухьэмэдрэ Мухьэдинрэ я фэеплъу, абыхэм щагъэува сынитIыр япэ дамыгъэт. КIапIитан абдеж щищIа сэдэкъэри цIыхугъэм, гущIэгъум, ныбжьэгъугъэм я нэщэнэ хьэлэмэт хъуауэ Дей къуажэм дэс Гуанэ Тамари и къуитIми яхъумэ а зэIущIэхэм кърикIуа я зэныбжьэгъуныгъэр, я фэеплъ сурэтхэр.

- Абы и нэщэнэщ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» жиIэу, Мартыновскэ станицэм уэрам зэрыщыщыIэр, - къыпещэр си псэлъэгъум, - зауэм хэтахэм я унэцIэр зэрыфIащыр, я школхэм музей къулейхэр зэраIэр, дэри иджырей сабийхэр теле-лъэмыжхэм къыхэтшэу зэрекIуэкIыр. Шууей Хасэри абы зекIуэ зэрыщыIар куэдым ялъэгъуащ, езы къэзакъхэм ар иджыри къыздэсым яIуэтэж.

Инэрыкъуейм щапщэфIа лэкъум тхъуэплъыр, Пщыншэ Маритэ и хьэлыуэр, шеибжьэ пщтыр зыIухуа щIалэгъуалэр нэхъ лъэгумкIэ зэрехьэхащ, ТекIуэныгъэм и нып плъыжьыр ину щаукъуэдиину. Мыдрейхэр «Уращ!», Iэгуауэщ. «Иджырей техникэ «Iэмал» цIыкIум уэгум зыщиIэтащи, щIалэгъуалэм Интернетым шырагуэшэнущ Курп Iуащхьэм къыщекIуэкIа мы Iуэхушхуэм и хъыбари и сурэти», - щыжаIэ си хъуреягъкIэ.

«ИугъащIэ лIыхъужьхэм я фэеплъым!» - мы къыхуеджэныгъэр иджыри жьы хъуакъым, къыджиIауэ щытащ зи сабиигъуэр а лъэхъэнэ гуащIэм хиубыда, Инэрыкъуей къуажэм дэса Къэбэрдокъуэ НэфIыцIэ.

Аращ, къэсхьэхащ сэри мы хъыбар кIапэхэр а Курп Iуащхьэм.

Ныпышхуэр зылъэIэса удзыпэр накъыгъэм и 9-м зэщIэгъэгъэнущ, нэр ихьэхуу, Iущхьэ балиифэу псоми къахэщу. ЩыIэщ мыбыкIэ зыми емыщхь Iущхьэ щхьэтоп. И къапщIийхэри занщIэу пымылъэлъу, быдэу пытщ. Лъы щыжэн хуей зэрыхъуам и мамыр дамыгъэу пIэрэ? Хэт ищIэн...

КЪУДЕЙ Лидэ.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ

ГущIэгъуншэ зауэм фызабэ ищIахэр

Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ абы къыкIэлъыкIуа гъащIэ гугъумрэ цIыхухэр зыхэта бэлыхьым теухуауэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ Джэрмэншык къуажэм Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ ЛIуп Нурхьэлий. Я жылэм къыдэна фызабэхэмрэ абыхэм я бынхэмрэ ятриухуащ 2009 гъэм дунейм къытехьа «Солдатские вдовы и их дети» тхылъыр. 2013 гъэм Джэрмэншык щагъэуващ абыхэм папщIэ фэеплъ сын. Зи адэр зауэм хэкIуэдахэм ятриухуащ 2022 гъэм и Iэдакъэкъэ къыщIэкIа «Забытое поколение» тхылъ цIыкIур. Абыхэм ярыт зы тхыгъэкIэ къыддэгуэшащ Нурхьэлий.

«ЗАУЭ угъурсызым Джэрмэншык щыщу фызабэу 58-рэ къигъэнащ. А IэнатIэ гугъум Iутахэм ящыщщ Къумыкъу Гуащэ, МафIэдз Улэ, Иуан Сурэт, ЛIуп Бабынэ, Ажий Линэ, Къардэн Марусэ, Маркияновэ Антонинэ, Мэз Марусэ, Плесная Анастасие, Семэн ЖанцIыкIу, Скачковэ Еленэ, Соблыр Хьэцацэ, ЛIуп Iэминат, Хьутатхэ ЛъапIэрэ Мурзиятрэ, Шыджынэхэ КIуэракIуэ, Жамилэ, КIунэ, Марусэ сымэ. Къардэн КIуат езыр ныкъуэдыкъуэу ипIащ къыхуэна и сабииплIри, и пщыкъуэм и бынитIри. Абыхэм щхьэгъусэ къаригъашэри, унагъуэуи игъэтIысыжауэ щытащ. Бын тIурытI къызыхуэнахэр фызабэу 8 хъурт, зырыз къызыхуэнахэр - 19, иджыри бын зымыгъуэта нысащIи 10.

Мы зи цIэ къисIуахэм гугъуехьышхуэ яшэчащ, ящыщ куэди бынхэм я хьэрычэт, я гуфIэгъуэ ямылъагъуу дунейм ехыжащ. Ди текIуэныгъэм папщIэ зи псэр зытахэм ящыщщ Ажий Мурадин, Иуан НаIиб, Къардэн Мухьэб, КIуж Хьэзешэ, ЛIуп Данил, МафIэдз Хьэжмусэ, МыгъуэлI Мухьэмэд, Семэн Бий, Соблыр ТIирэ сымэ. Ахэр ящыщщ зауэм хэкIуэда Джэрмэншык щIалэ 95-м.

Ажий Мурадин къуажэ советым и тхьэмадэт, псом япэу зауэм кIуэн хуейуэ къилъытэри, дэкIащ. Мурадин и гугъакъым и адэ-анэр, и бынхэр, фIыуэ илъагъу и щхьэгъусэ Линэ, и Iыхьлыхэр, и пщIантIэр, и къуажэр иужь дыдэу илъагъужу.

Лини ищIакъым а махуэм щыщIэдзауэ фызабэ гъуэгум зэрытеувар. Абы ищIакъым и пщыкъуэ Мухътари, и дэлъху Жыраслъэни, и адэ къуэш Данили зауэм зэрыхэкIуэдэнур. Хьэлъэ дыдэт Линэ къытепсыхар. Иджы абы и пщэм къыдэхуат и хъыджэбзищри и пщыпхъу нэхъыщIэ цIыкIури, жьы хъуа и гуащэ-тхьэмадэри игъэпсэуну. Абдежым Iуэхур къыщызэтеувыIакъым. Линэ дэIэпыкъуэгъукIэ зыщыгугъ и пщыкъуэ Хьэбаси иджыри илъэс 18 мыхъуауэ зауэм яфIокIуэ, «Си къуэшхэм лъы щIагъажэ Хэкум папщIэ сэри сызэуэнущ!», - жеIэри. Линэ къыхуэнэжыр и бгыр быдэу щIикъузэу унэм щIэсхэр зэригъэпсэунырт. Зауэм Iутхэри гъэшхэн хуейти, губгъуэ лэжьыгъэм жэщи-махуи пэрытт. Зэманыр апхуэдизкIэ ткIийти, нартыху кIэчан щхьэкIэ цIыхум суд тращIыхьырт.

Япэ нэщхъеягъуэр Мурадин и Iуэхурт. Абы теухуауэ къахьа тхылъымпIэ кIапэм итыр псалъэ зытIущт: «Киев деж хъыбарыншэу щыкIуэдащ». Абы къыкIэлъыкIуащ Мухътар, итIанэ Хьэбас и щыгъуэ тхылъыр. Линэ сыт ищIэнт? Къыхуэна быныр, унагъуэр гъэшхэн хуейтэкъэ? И тхьэмадэмрэ и гуащэмрэ я бынхэм я гуауэм апхуэдизкIэ ириудыхати, гъащIэм гукъыдэж хуаIэжтэкъым. Фызыжьыр и къуэхэм щхьэкIэ нэпсу щIигъэкIам нэф ящIати, гугъуехьыр тIуащIэт. Линэ ар Псыхуабэ имышаи, и нэхэр операцэ иримыгъэщIаи. Абы ирихьэлIэу унагъуэр зыпэмыплъа гуфIэгъуэ хъыбар къыIэрыхьащ: Хьэбас уIэгъэ хьэлъэу Рыбинск уIэгъэщым зэрыщIэлъар, икIи фронтым зэрыкIуэжыр иту. Абы унагъуэм къаруущIэ къахилъхьэжащ. Линэхэ я гъунэгъуу псэуа тхакIуэ Къашыргъэ ХьэпащIэ и «Зы жэщ» рассказым хэт цIыхубзым и образыр зытрищIыкIар аращ.

Линэ дунейм ехыжащ илъэс 60-м зэрыщхьэдэха щымыIэу. Сыт хуэдэ гугъуехь а цIыхубзыр пэщIэмытами, и хъыджэбзищми щIэныгъэ яригъэгъуэтащ. Лусэрэ Лонэрэ егъэджакIуэу лэжьащ, Лени сатум пыщIа IэщIагъэм хуеджэри, ирилэжьащ. Апхуэдэу и гъащIэр ихьащ фызабэныр зи натIэ хъуа Линэ.

Колхоз тхьэмадэм и къуэдзэу лажьэ МафIэдз Хьэжмусэ зауэр зэрыщIидзэу мафIэ лыгъэм пэрыхьащ. Илъэс нэхъ дэмыкIыуи и щхьэгъусэ Улэ нэщхъеягъуэ тхылъ къыIэрыхьащ. Абыи къуищрэ пхъуищрэ къыхуэнат: нэхъыжь Тозыр илъэс пщыкIутIым нэсауэ, нэхъыщIэ дыдэ Розэ иджыри сабий цIынэу. Улэ махуэкIэрэ колхоз губгъуэм щылажьэрт, пщэдджыжьхэмрэ пщыхьэщхьэхэмрэ колхоз правленэр зэщIикъуэрт: къипхъэнкIырт, къилъэсырт, хьэкум мафIэ ирищIэрт. Щхьэгъусэншэу къэна анэм телъ бэлыхьыр я нэгу щIэкIырт быным я нэхъыжьхэу Тозыррэ Нонэрэ. Нэмыцэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрахужам, Тозыр класиплI фIэкIа къимыухауэ колхозым хыхьащ, анэм гугъуехьыр дигъэпсынщIэн папщIэ. Абы игъэунэхуащ Iэхъуэ-шыхъуэнри, пхъэIэщэ тесынри, механизатор лэжьыгъэри. Тозыр къыкIэлъыкIуэ Нони, Хъызыри, Назири пасэу лэжьыгъэм пэрыуващ. Хъыджэбз нэхъыщIитIым ику ит щIэныгъэ зрагъэгъуэтащ. Ауэ фызабэу къэна Улэ и бынхэм я гуфIэгъуэ, я хьер илъагъуну хунэсакъым - игъуэ нэмысу дунейм ехыжащ. Зэкъуэшищым дзэм къулыкъу щащIащ, адэм и гъащIэр зыщIита Хэкур яхъумэу. Зи гугъу сщIа Ули и бынхэри дунейм ехыжахэщ, ауэ я хъыбарыр къэнащ.

Зауэм ипэ илъэсхэм лэжьакIуэ пашэхэу, пщIэрэ щIыхьрэ яIэу, я быныр тэмэму зэрапIыным, зэрагъэсэным иужь итхэу колхозым хэтащ Иуан НэIибрэ КIуж Хьэзешэрэ. Ауэ тIури зауэм хэкIуэдащ.

НэIиб и щхьэгъусэ Сурэт зы щIалэрэ хъыджэбзиплIрэ, зым нэхърэ адрейр нэхъ цIыкIужу къыхуэнат. Сурэт сыт хуэдэ лэжьыгъэри Iумпэм имыщIу и бын зэрипIын иужь итт. Колхоз губгъуэм уэшх, уэс имыIэу итащ, къуажэ школым пхъэнкIакIуэу, лъэсакIуэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ.

Улэрэ Сурэтрэ я гъащIэм ещхьщ КIуж Хьэзешэ и щхьэгъусэ Бабыху ейри. Зы щIалэрэ хъыджэбзиплIрэ къыхуэнэри, илъэс куэдкIэ ирихьэкIащ фызабэ гъащIэр. Хьэзешэ колхозым и механизатор пажэу, къыкIэлъыкIуэ ХьэмтIутI IэщIыхьуэ пашэу, нэхъыщIэ Хьэжсет шоферу лажьэхэу зауэм ираджэри, абы хэкIуэдащ.

Зауэм ипэ илъэсхэм колхоз бригадиру лажьэхэу МыгъуэлI Мухьэмэдрэ Соблыр ТIитIэрэ псэгъу ящIат хъыджэбз екIухэу Жанусэрэ Нэкурэрэ. Мухьэмэд - щIалэ цIыкIу, ТIитIэ хъыджэбз цIыкIу къыхуалъхуа къудейуэ зауэр къэхъеящ. ИкIи зауэм и етIуанэ илъэсым иджыри зи ныбжьыр илъэс тIощIым зэрыщхьэдэха щымыIэ цIыхубзитIыр фызабэу къэнащ. Нэкурэ и нысэгъу Хьэцаци сабиищ къыхуэнэри и щхьэгъусэр зауэм хэкIуэдащ. Зауэм ихьащ зэкъуэшищри - ТIитIэ, Чэмал, Мусэ. Ахэр зы унагъуэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэурт. ЗэнысэгъуитIым я бынхэр зэгъусэу зэдапIащ.

Си адэ ЛIуп Данил граждан зауэм хэтащ. 1932 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м Налшык районым и комиссэ зэхэтам и протокол №1-м итщ: «ЛIуп Данил 1918 гъэм езым фIэфIу Дзэ Плъыжьым хыхьащ. 1919 гъэм Дзэ Плъыжьыр пIалъэкIэ щикIуэтым, Гикало Николай зи унафэщI партизан отрядым хыхьащ икIи 1920 гъэм Къэбэрдейм Совет властыр щыщагъэувыжым лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу хэтащ. Комиссэм ЛIупыр партизан плъыжьу къелъытэ». 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм хыхьащ «къэзэзуа властыр зыми естынукъым», - жиIэри.

Иужь дыдэ письмо къэкIуат 1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м. Абы итт: «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм датекIуэн папщIэ фымыбэлэрыгъыу флажьэ. Дэ тлъэкI къэдгъэнэнкъым текIуэныгъэр къэтхьын папщIэ. Си псэр стын хуей хъуми, щIэстынур сощIэ: ар Хэкурщ, дунейм мамырыгъэ, дахагъэ, лэжьыгъэ щыIэнырщ. Сыхуейт си бынхэр, щIэблэр Хэкум хуэпэжыну, еджэну, лэжьэну».

И псэм ищIа хуэдэт а зауэм и гъащIэр зэрыхилъхьэнур. Куэд дэмыкIыуи хъыбар гукъутэр унагъуэм къыIэрыхьащ. Ди анэ Бабыни дыкъыхуэнат сабиитху. Нэхъыжь Хьэфисэт илъэс 15-м итт, нэхъыщIэ Владимир Iэблэтест ди адэр зауэм щыхэкIуэдам. «Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ» жыхуаIэрати, Хьэфисэтрэ Муслъимэтрэ школым къыщIэкIри, колхозым хыхьащ. Ди адэр зауэм кIуэуэ вагоным щитIысхьэм ди анэм къыжриIат: «Хъыджэбзит Iым щхьэкIэ зыри жысIэркъым, ауэ щIалищыр йомыгъаджэмэ, сыпхуэрэзыкъым. Сыпсэууэ сыкъэкIуэжмэ, абы и унафэ сэ сщIынущ, ауэ зауэм сыхэкIуадэмэ - си уэсятщ».

Сыт хуэдиз гугъехь телъами, анэм игъэзэщIащ ди адэм и уэсятыр. Хъыджэбзит Iыр къыдэкIуэтейри, унагъуэ ихьащ. ЩIалищыр анэм дыкъыхуэнэри, дригъэджащ. Сэрэ нэхъыщIэмрэ ди университетыр къэдухащ, курыт Мурадин Москва щеджащ, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. Дэри тлъэкI къэдгъанэркъым ди адэр зыщIэхъуэпса гъащIэм, Хэкум пэжу хущытынымкIэ. Сэ илъэс 22-кIэ школым сыщылэжьащ. Илъэс 12-кIэ еджапIэм и унафэщI къулыкъум сыпэрытащ, илъэс 20-кIэ колхозым и парт организацэм и секретару, колхоз тхьэмадэм срикъуэдзэу сыщытащ. Пенсэм сызэрыкIуэри, жылагъуэ Iуэхухэм сыхэтщ. Мурадин илъэс куэдкIэ кафедрэм и унафэщIу лэжьащ, мэкъумэш факультетым и декану щытащ. И лэжьыгъэфIхэм папщIэ «КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри къыфIащащ. Зи адэр сурэткIэ фIэкIа зымыцIыху Владимир илъэс 30-м щIигъукIэ зоотехник нэхъыжьу щылэжьащ ди республикэм IэщIыфIхэр къыщагъэхъу и IуэхущIапIэм. Ди анэм гугъу зыщIригъэхьа и бынхэм я гуфIэгъуэ илъэгъуащ, дэри тлъэкI къэдмыгъанэу зэрыдгъэтыншыжыным яужь дитащ. Ди анэр дунейм ехыжащ 1982 гъэм.

Я щхьэгъусэхэр пенсэм зэрыхэкIуэдам щхьэкIэ фызабэхэм пенсэшхуи кърататкъым, е лы, шэ, цы, джэдыкIэ, тхъу ятын къалэнхэм, е куэду цIыхухэм къытралъхьэу щыта заемхэм щыщи щхьэщахакъым. Фызабэ куэдым я быныр егъэджэнымкIэ къэралыр сэбэп зэрахуэхъуаи щыIакъым. Абы къыхэкIкIэ, куэд щIэныгъэншэу къэнащ, псэуащ ахэр адэ зиIэм, зыхуей нэхъ зыгъуэтхэм ехъуапсэу.

Ди жылэм щалъхуа, зи адэр зауэм хэкIуэда сабии 127-м щыщу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтыфар 4 къудейщ, училищэ, техникум къэзыухар 8-щ, классипщIым щIэсар 13 къудейщ. Абыхэм ящыщу нобэ псэужыр цIыхуищщ.

Ди жылэм фызабэу дэса 58-м щыщу зыщ псэужыр. Абыхэм я фэ дэкIар сэ си нэгу щIэкIащ, зыхэсщIащ фызабэм и быным и гъащIэ дыджри», - етхыж ЛIуп Нурхьэлий.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Апхуэдэ пщыгъупщэ хъунукъым

1942 гъэм и гъэмахуэм гитлерыдзэхэр къебгъэрыкIуэу щыхуежьэм, Арменией кърагъэIэпхъукIа 151-нэ фочауэ дивизэм Бахъсэн къутырымрэ Курп псы цIыкIумрэ зэпызыщIэ Бахъсэн-Балъкъ-Тэрч гъунапкъэм зыщегъэбыдэ. Штабыр Акъбащ Ипщэм къыщоувыIэ. Дивизэр зауэм щыIухьар шыщхьэуIум и 18-рщ, бийр Бахъсэн къутырым деж Бахъсэн псым къыщызэпрыкIыу щыхуежьарщ.

626-нэ, 683-нэ фочауэ полкхэмрэ 353-нэ топгъауэ полкым и батареехэмрэ нэмыцэхэм я 1-нэ танк армэм и дзэ куэдкIэ къебэкIхэм тхьэмахуитIым нэскIэ япэщIэтащ. Прохладнэрэ Мэздэгурэ къищта нэужь, фокIадэм и 2-м Мэздэгу деж Тэрчыпсым къыщызэпрокIри, бийр Мэлгъэбэг йобгъэрыкIуэ. Урожайнэ жылагъуэмрэ Курп псы цIыкIумрэ я зэхуакум щитIысыкIа 581-нэ полкыр а махуэм зауэм хыхьакъым.

151-нэ фочауэ дивизэм и командир Колесников В.П. и унафэкIэ 4-нэ ротэр Новоосетинскэ, Черноярскэ станицэхэм я деж зэрыпхъуакIуэхэм щапотIыс икIи бийм и къару нэхъыщхьэхэм щыщхэр махуищкIэ зэтреIыгъэ. Мэлгъэбэг и Iэшэлъашэм удын гуащIэ щызыгъуэта фашистхэм мурад ящI Владикавказ къалэм Джылахъстэней лъэныкъуэкIэ щебгъэрыкIуэну. Ди дзэ унафэщIхэр абы щыгъуазэти, фокIадэм и 12-м жэщым 151-нэ фочауэ дивизэм и часть псори Курп псым и гъунэм къагъэIэпхъуэ. 683-нэ полкым 581-нэм ипщэIуэкIэ зыщегъэбыдэ, 626-нэ полкыр нэхъ ищхьэкIэ, Мэлгъэбэг къуажэмрэ Курп Ищхъэрэмрэ я зэхуакум щотIысыкI. Абы къыгуоувэ 275-нэ фочауэ дивизэр.

ФокIадэм и 12-м и пщэдджыжьым топхэмрэ авиацэкIэ зызыгъэбыда нэмыцэ танкыдзэхэр 581-нэ полкым тозэрыгуэ. Фашистхэм я танк 40-м щыщу 20-р лейтенант нэхъыжь Курбан Федор и езанэ батальоным йобгъэрыкIуэ.

Ди зауэлIхэр къэдзыхакъым, гранатэхэмкIэ, танкхэр зэракъутэ, зэрагъэс IэщэхэмкIэ хахуэу бийм пэщIоувэ. Япэ танкыр зыкъутар политрук Прудченкэщ. Лейтенантхэу Трифонов, Яковлев, Ходвенков, Берестовенкэ сымэ пулемётхэмкIэ нэмыцэ лъэсыдзэхэр щIагъэлъэлъырт, танкхэм тес десантхэр «кърагъэпсыхырт». ЛIыхъужьыгъэ къагъэлъэгъуащ зэхэуэм и япэ махуэм бийм и танкитху зыгъэсахэу ПТР ротэм и командир Власовымрэ парторг Аветисянрэ.

А махуэм ди зауэлIхэм фашистхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр хахуэу зэтраIыгъащ, танкыу 20-м нэблагъэ, нэгъуэщI техникэу куэд зэтракъутащ. Курп псы цIыкIум деж и закъуэ нэмыцэхэм щафIэкIуэдащ автоматгъауэу 300-м щIигъу. Ди полкхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. Махуэм и кIэм бийм Хьэмидей къуажэр иубыдащ, полкыр Терекскэ лъэныкъуэмкIэ къыщикIуэтащ. ФокIадэм и 12-м ди зауэлI куэдым я щхьэр ягъэтIылъащ. Абыхэм ящыщщ комбат Курбан, ротэм и командирхэу Трифоновыр, Ходвенковыр, политрук Прудченкэ, парторг Аветисян...

КъыкIэлъыкIуэ махуэми нэмыцэхэм 151-нэ фочауэ дивизэм къраутIыпщащ танкыу 40-м щIигъурэ автоматгъауэ полкрэ. Танкхэм япэщIэуващ 353-нэ топгъауэ полкым и батареехэр. Лейтенант нэхъыжь Головлевым и батареем а зы махуэм танки 5 игъэсащ. Батареем и камиссар Коротких С.М. топгъауэр щыхэкIуадэм, езыр зэрыуIэгъэу, абы и пIэм уври, бийм пэщIэтащ. 626-нэ фочауэ полкым щыщ лейтенант Панько и ротэм махуитIым къриубыдэу танки 6 икъутащ. Езыр КIурп Ищхъэрэ деж щыхэкIуэдащ.

ФокIадэм и 14-м зэхэуэр зэпыуакъым. 581-нэ полкым нэмыцэхэм я къебгъэрыкIуэныгъэр зэтриIыгъэрт. КъыкIэлъыкIуэ махуэм 11-нэ гвардие корпусым и 275-нэ дивизием фашистхэм удын-пэдз щахуищIым, ар къегъэсэбэпри, 151-нэ фочауэ дивизием Курп Ищхъэрэрэ Новэ Хьэмидейрэ я Iэшэлъашэм бийр щрегъэкIуэт. Ауэ танк зэрамыIэм, авиацэр къызэрыдэмыIэпыкъуфым къыхэкIыу, а щIыпIэм зыщыхуэгъэбыдакъым.

ФокIадэм и 16-м нэмыцэхэр къаруущIэкIэ йобгъэрыкIуэри, Терекскэ дэт заводым деж 581-нэ полкым и 3-нэ батальоныр къыщаухъуреихь. Комбатыр хэкIуэдат, батальоным хэщIыныгъэшхуэ игъуэтырт. Комиссар Нискромный Сергей унафэр къещтэри, гупыр ирешажьэ. Абы къыпоув нартыху хьэсэм къыхэпща танкыр. Лыгъэ иредзри, ар комиссарым егъэс. НэгъуэщI зыи къахэуэу щыхуежьэм, гранатыр къегъэIэгъуэри, комиссарыр абы пожьэ, ауэ топышэ къэуам и къутахуэм и Iэ ижьыр гуех. И дэмащхьэм лъыр къызэрыпыжым хуэдэу, Iэ сэмэгумкIэ гранатэр къещтэжри, танкым иреутIыпщ, езыри биишэм къыхегъащIэ. Абы зэрихьа лIыгъэм къызэщIиIэ-тауэ, ди зауэлIхэм фашистхэм я танкыр якъутэ, комиссарым и хьэдэр къыздащтэри, гъэрыпIэм къокI.

Махуэ псом Курп лъагапIэм зэхэуэр щыувыIакъым. 353-нэ топгъауэ полкым и 7-нэ батареем нэмыцэ танки 10 къыхуэкIуэрт. Батареем и командир лейтенант Бабенкэ, яукIа топгъауэм и пIэм йоувэри, япэ уэгъуэм зы танк екъутэ, и зауэлIхэми нэгъуэщIитI ягъэс. Бийр къатегуплIами, къимыкIуэту, батареем щыщ псоми я псэр абдеж щатащ.

Пщыхьэщхьэм полкым и командир майор Семеновым и блокнотым иретхэ: «Полкым щыщу зэуэфыну къэнэжар цIыху 262-рэщ».

ФокIадэм и 18-м нэмыцэхэм Урожайнэ къуажэр, къыкIэлъыкIуэ махуэм Арыкъ, фокIадэм и 20-м Мэртэзейр яубыд. ХэщIыныгъэшхуэ ягъуэтами, 151-нэ, 275-нэ дивизэхэм я дзэхэр фашистхэм гуащIэу япэщIэтт. Плановскэ жылагъуэр къищтэу, бийр Елхъуэт щынэсар фокIадэм и 27-рщ.

Къуажэр иубыда щхьэкIэ, адэкIэ ягъэкIуакъым - Елхъуэт «куэбжэхэм» деж ар къыщызэтрагъэувыIащ 62-нэ тенджыз лъэсыдзэ бригадэ щхьэхуэм и зауэлIхэм. Къэгъэлъэгъуэн хуейщ 151-нэ фочауэ дивизэм и закъуэ Джылахъстэней щIыналъэм нэмыцэ танкыу 60-м нэблагъэ зэрыщигъэсар, фашист мин зыбжанэ зэрыщызэтриукIар.

1985 гъэм и мэлэжьыхь мазэм партым и Тэрч райкомымрэ райисполкомымрэ къызэрагъэпэщауэ щытащ 151-нэ Жмерин - Будапешт Бэракъ плъыжьзехьэ фочауэ дивизием и ветеранхэм я союзпсо зэIущIэ. Абы хэтат СССР-м и дэнэ щIыпIи щыщу Джылахъстэнейр зыхъумахэу 123-рэ. Дивизэм и ветеранхэр куейм и жылагъуэ псоми гуапэу щрагъэблэгъат. Абыхэм къацIыхужырт щызэуа, уIэгъэ щыхъуа, я ныбжьэгъухэм я псэр щата щIыпIэхэр.

Бийм щхьэмыгъазэу езэуахэм щыщу къэнэжар зымащIэ дыдэщ. Абы къыхэкIыу цIыхухэм, псом япэу ди щIалэгъуалэм, ягу къэгъэкIыжыпхъэщ ди Хэку гъуэзэджэр зыхъумахэр, жэщ-махуэ ямыIэу фронтым хуэлэжьахэр зыщамыгъэгъупщэну, хуэфащэ пщIэ хуащIыну, нэхъыжьхэм я IуэхуфIхэм пащэну.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Адэшхуэ-анэшхуэр зи щапхъэ

Иджыблагъэ ди хьэщIащ егъэджэныгъэмкIэ «Успех» центрым адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ, «500 лучших образовательных организаций страны-2023» урысейпсо зэпеуэм и «Лидер в образовании - за обучение детей родному языку-2023» унэтIынигъэм и лауреат, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБКъУ-м, Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкiэ и департаментым я щIыхь тхылъхэр, «Педагог-новатор», «Диплом куратора», «Пристань детства» дипломхэр, сабий творчествэмкIэ «Душа моей семьи - родной язык, родная культура» «Хвалю тебя, в единстве сильная Россия» фестивалхэр къызэзыгъэпэщахэм я фIыщIэ тхылъхэр зыхуагъэфэща Мату Нелли.

- Нелли, егъэджакIуэ IэщIагъэр къыхэпха зэрыхъуар сфIэгъэщIэгъуэнщ...

- Анэдэлъхубзэм лъагъуныгъэ хузагъэщIащ Урыху къуажэм и курыт еджапIэм пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ Дуду Лидэ, адыгэбзэмкIэ сезыгъэджахэу МэшылI Ритэрэ Щоджэн Iэминэрэ. Апхуэдэу си IэщIагъэм сыдезыгъэхьэхар пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу щыта си анэшхуэ Тэнащ ФатIимэщ. Курыт еджапIэм сыщыщIэса зэманыр 90 гъэхэм ирихьэлIати, си адэ-анэр лэжьыгъэм къыдэхуэу къыдбгъэдэсыну апхуэдэ зэман яIэтэкъым. ТхэкIи еджэкIи сэзыгъэщIар, адэ-анэхэм я зэхуэсхэми накIуэу щытар ФатIимэ нанэщ. Си адэшхуэ Тэнащ Хьэтуи Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэу Аргудан къуажэм и курыт еджапIэм тхыдэмкIэ щригъаджэу щытащ. ИужькIэ Урыху къуажэм и курыт школым и унафэщIу лэжьащ.

- Лэжьыгъэм дауэ ухэзэгъа?

- КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэр ехъулIэныгъэкIэ къэзуха нэужь, си сабийхэм илъэситхукIэ сабгъэдэсащ. Иужьым цIыкIухэр гъэсапIэм естри, лэжьыгъэм сыпэрыхьэну мурад сщIащ. Абы ирихьэлIэу газетым хъыбарегъащIэ къытехуат «Успех» центрыр адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ зэрыхуэныкъуэм теухуауэ. Си зэфIэкIым сеплъыжыну мурад сщIащ. Абы егъэджакIуэ куэд екIуэлIами, си насып къикIри, школым сыщылэжьэну срагъэблэгъащ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэри щыщIэбдзагъащIэм деж къогугъуэкI. IэщIагъэм и щэхухэмкIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуащ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ Балъкъэр Раметэ. УнафэщIым и къуэдзэу щыIа Шыгъунэ Фузэ илъэситI нэхъ сымылэжьауэ сытригъэгушхуэри, си IэщIагъэм хызигъэгъэхъуащ. Куэдым сыхуигъэсащ, чэнджэщ щхьэпэхэр къызитащ. Лэжьэн зэрыщIэздзэрэ илъэс 12 хъуащи, сыдэзыхьэх Iуэхум нобэр къыздэсым сымыхъуэжауэ сыпэрытщ.

- Псори къыщежьэр унагъуэрами, къалэм дэс сабийхэм адыгэбзэр ебгъэджыну тIэкIу нэхъ гугъуу къыщIэкIынщ...

- Мы зэманым адыгэбзэмкIэ егъэджакIуиплI центрым дыщыIэщ. Къалэдэсхэри къуажэдэсхэри ди деж къокIуалIэ. Дэнэ щIыпIэм щыщхэми хуэдэу, къалэм дэс сабийхэми псори яфIэгъэщIэгъуэнщ. КъищынэмыщIауэ, нэгъуэщI къэралхэм къикIыжахэри идогъаджэ. Германием, Франджым, Сирием, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIахэм яфIэщIэщыгъуэу адыгэбзэр яджэ. Москва зэрыщыпсэуам къыхэкIыу, адыгэбзэр зыIурымылъ, ауэ зэзыгъэщIэну хуейуэ зыджхэр къазэрыхэкIыр узыгъэгуфIэщ. КъэкIуагъащIэ сабийхэр бзэм хэдгъэгъуазэурэ къыдокIуэтейри, нэхъ яIурылъу къохъу. Унэми анэдэлъхубзэкIэ щыпсалъэхэм нэхъыфIыжу ящIэ.

Къэралым и унафэкIэ, адэанэм я лъэIукIэ хуит ящIащ сабийр зыхуей гупым щеджэну. Ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэбзэм и гуп нэхъыщхьэри пэщIэдзэри IэщIыб зыщIу урысыбзэр къыхэзыххэри щыIэщ. Пэжыр жыпIэмэ, гуп нэхъыщхьэм кIуэр мащIэщ. Нэхъыбэр пэщIэдзэ гупым щоджэ анэдэлъхубзэр ягъэшэрыуэну къазэрегугъуэкIым, диктант, сочиненэ, изложенэ жыпIэми, зэрамытхым къыхэкIыу. ЕгъэджакIуэхэм ди жагъуэ мэхъу, бзэр яIурылъ пэтми, гугъу зрамыгъэхьмэ нэхъ къызэращтэр. Адыгэбзэр зэрахузэфIэкIкIэ кууүэ зыджу зэзыгъащIэхэри яхэтщ.

- Сабийхэр анэдэлъхубзэм дебгъэхьэхын папщIэ сыт хуэдэ иджырей Iэмалхэр къэбгъэсэбэпрэ?

- КъызэрыгуэкI дерс мыхъуу, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ бзэр зрагъэщIэныр езы сабийхэр нэхъ дэзыхьэхщ. Хабзэм теухуахэри щIэщыгъуэ ящохъу. Псалъэм папщIэ, махуэшхуэхэм, Адыгэ илъэсыщIэм - гъэрэ щIырэ щызэхэкIым - теухуа теплъэгъуэхэр къыдогъэлъагъуэ. Апхуэдэ дерсхэм сабийхэр жыджэру хэтщ. Адыгэхэм я махуэм хуэдгъэхьэзырми яфIэфIу хэтщ. Дерсхэр гъэщIэгъуэну, иджырей Iэмэпсымэхэр къэбгъэсэбэпрэ ар гъащIэм еппхыжу щIэщыгъуэу къызэбгъэпэщмэ, абы димыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым.

- Сабийхэм я зэфIэкIхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ къызэрыппщытэж IэмалыфIщ зэпеуэхэр. Абыхэм ехъулIэныгъэхэр уэри уи гъэсэнхэми фызэрыщиIэм сыщыгъуазэщ.

- Мазаемрэ гъатхэпэмрэ адыгэбзэм хухаха мазэхэщ. Абы ирихьэлIэу зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр еджапIэм щыдогъэкIуэкI, дерс зэIухахэр дот, классщIыб дерсхэри къызыдогъэпэщ. АнэдэлъхубзэхэмкIэ федеральнэ институтымрэ АнэдэлъхубзэхэмкIэ центрымрэ Москва къыщызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэхэми зэпэIэщIэу дыхэтщ. Проект лэжьыгъэ хъуми, адыгэбзэкIэ усэ къеджэн, уэрэд жыIэн, сочиненэ тхын жыпIэми, ди лэжьыгъэхэр яхудогъэхь.

Егъэджэныгъэ лэжьыгъэр мытыншми, уи лэжьыгъэм и пщIэр щыплъагъужкIэ Iуэхум нэхъри утезыгъэгушхуэщ, щIэм зеппщытыну къару къыпхэзылъхьэщ. Псалъэм папщIэ, урысейпсо зэпеуэхэм, олимпиадэхэм япэ увыпIэхэр къыщыщытхькIэ, сабийхэм сэри садогуфIэ икIи садогушхуэ.

АнэдэлъхубзэхэмкIэ федеральнэ институтымрэ АнэдэлъхубзэхэмкIэ центрымрэ я зэпеуэхэми си гъэсэнхэм мызэ-мытIэу япэ увыпIэхэр къыщахьащ, фIыщIэ тхылъхэри къытхуагъэхьащ. Зэхьэзэхуэ псоми ухэтыну гугъуми, нэхъыбэрэ ди зэфIэкI къызэрытпщытэжыным дыхущIокъу. Сабийхэри Iуэхум яфIэгъэщIэгъуэну хэтщ.

- Нелли, IэщIагъэ къыщыхэпхыну зэманым укъихутэжамэ сытыт пщIэнур?

- А зэманым сыкъихутэжами арагъэнт сызыхуэкIуэжынур, сыту жыпIэмэ сызэрыцIыкIурэ егъэджэныгъэ Iуэхум сыдихьэхырт. Си сабиигъуэм гуащэхэр къезгъэтIысэкIырт, доска къызэзгъэпэщырти, дерс езгъэкIуэкI хуэдэу сыджэгурт. Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ згъэзэнуми абы щыгъуэм иджыри сщIэртэкъым. Егъуанэ классым сынэсыху инджылызыбзэм нэхъ тегъэщIауэ седжащ, абы сыщIэтIысхьэн мурад сиIэу. Къэрэшей-Шэрджэсым инджылызыбзэмкIэ щезыгъаджэ си адэ шыпхъум и деж сыкIуэри сыщыIащ икIи инджылызыбзэр нэхъыфIу зэзгъэщIащ абы сыхуеджэну си мураду. ИужькIэ, сызэрыцIыкIурэ къыздалъхуауэ сIурылъ бзэм си гур нэхъ хуеIэ хъуащ икIи абыкIэ фIыщIэ зыхуэфащэр адыгэбзэмкIэ си егъэджакIуэ МэшылI Ритэщ. Егъуанэ классым къыщыщIэдзауэ си лъэпкъыбзэр, анэдэлъхубзэр Iэпэгъу сщIыну къыхэсхыжащ.

Мы IэщIагъэм сыкъыхуигъэщIауэ жыпIэ хъунущ. Языныкъуэхэм деж сэ къыхэсха мыхъуу, езым сыкъыхихауэ къысщохъу. Жэмтхьэлэ къуажэм щыщ Матухэ Викторрэ Таибэтрэ я унагъуэ сызэрыхьам, си гуащэ-тхьэмадэми курыт еджапIэм есэпымкIэ щрагъаджэу къыщIэкIащ.

- Зи анэдэлъхубзэм хуэфащэ пщIэрэ гулъытэрэ нобэ хуэзымыщI щIалэгъуалэм сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэбгъэзэнт?

- «Бзэр кIуэдмэ, лъэпкъри мэкIуэд», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Лъэпкъыбзэр IэщIыб пщIынкIэ Iэмал иIэкъым. ЩIалэгъуалэм я бзэм пщIэ хуащIу, фIыуэ ялъагъуу, абы ирипсалъэу, Iуэху иризэрахьэу, я гупсысэ хуиту къраIуэтэфу щытын хуейщ.

Япэ классым щыщIэдзауэ си сабийхэм «Фыхэт?» жысIэурэ соупщI. «Сыадыгэщ!», - жаIэу я жэуапыр адыгэбзэкIэ къызамытыжыфу урысыбзэкIэ жаIэмэ, аргуэру соупщIыж «дапхуэдэу-тIэ уэзэрыадыгэр» жызоIэри. Ущыадыгэр, узэрыадыгэр уи псэлъэкIэмкIэ къыпхуэгъэлъагъуэмэщ, яжызоIэ. Ди бзэм демылIалIэмэ, нэгъуэщIхэм дахэшыпсыхьыжынущ. Сабийхэм я деж а гупсысэр нэсхьэсыну сыхущIокъу.

Епсэльар
ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

Усэр я гъусэу

• Зэпеуэ

Налшык Щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ и центрым щекIуэкIащ «Ди псалъэр дауэ зыхащIэну?!» и фIэщыгъэу республикэм щекIуэкIа литературэ зэпеуэм и кIэух Iыхьэр. Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм илъэс къэс къызэригъэпэщ зэпеуэр мы гъэм теухуат Iуэхугъуэ зыбжанэм: тхакIуэ, усакIуэ КIуащ БетIал илъэси 105-рэ, тхакIуэ, публицист Кузьмин Валентин илъэси 100, тхакIуэ, усакIуэ, драматург IутIыж Борис илъэс 85-рэ, тхакIуэ Токумаев Жэгъэфар илъэс 90, сурэтыщI, тхакIуэ Мокаев Владимир илъэс 75-рэ зэрырикъум.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ республикэм и щIыналъэхэм къикIа сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ. Усэ къеджащ гупищ: нэхъыщIэ дыдэхэр, курытхэр, нэхъыжьхэр. АдыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи усэ къеджащ цIыху 70-м щIигъу. КъэпщытакIуэ гупым яхэтащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Беппаев МутIалип, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым режессурэмкIэ и кафедрэм и доцент Боттаев Мурат, «Адыгэ псалъэ», «Горянка» газетхэм, «Солнышко» журналым я лэжьакIуэхэу Гугъуэт Заремэ, Шэрдан Лилианэ, Мазуренкэ Маринэ сымэ. Абыхэм къапщытащ ныбжьыщIэхэм къеджэну къыхаха тхыгъэм и фIагъыр, я къеджэкIэр, утыку итыкIэр, усэ зыхэщIэкIэр, бзэм зэрыхуэшэрыуэр. ФIым я фIыжу къалъытэхэр къыхахащ.

- Си гур хэхъуэу сынывэдэIуащ ди усэеджэхэм. Псалъэхэр къабзэу къызэрыфпсэлъыр, макъыр лантIи, ткIии, щаби зэрыфщIыфыр, сатырхэр зэрызыхэфщIэр фи нэкIум зэриплъагъуэр куэд и уасэщ. Зауэм и напэкIуэцIхэр къызыхэщыж усэхэм фыкъеджэмэ, нэщхъей дыфщIащ, Хэкумрэ бзэмрэ фытепсэлъыхьмэ, уардагъ хэфлъхьащ. Псалъэм и къарур щызыхэфщIэфкIэ, фэ сытми фыпэлъэщынущ. Нобэ ди къэпщытакIуэ гупыр гугъу зэрехьынур наIуэщ, сыту жыпIэмэ, дэтхэнэми къэвгъэлъэгъуащ гу зылъытэн хуей гуэр. Хэт лъэпкъыбзэкIэ екIуу усэ къызэреджар и фIагъщ, хэт артист хьэзыр хуэдэу утыкум къихьащ, хэт и усэ зыхэщIэкIэмкIэ ди гум къеIащ, - жиIащ зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ Шинкарёвэ Наталье.

Беппаев МутIалип сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я усэ къеджэкIэр игу зэрыдыхьар, илъэс къэс нэхъри я зэфIэкIым зэрыхагъахъуэм гу зэрылъитар къыхигъэщащ.

- Усыгъэм укъыхуегъэуш дахагъэм, епсыхь уи псэр, урегъэгупсыс гъащIэм, - жиIащ абы.

Усэ зэпеуэм къеблэгъа Мокаев Владимир жиIащ и усэхэм щIэблэр къеджэу едэIуэну сытым дежи зэригуапэр, абыхэм тхыгъэм къыхалъэгъукIыф мыхьэнэр зэрыфIэгъэщIэгъуэныр.

Мазуренкэ Маринэрэ Шэрдан Лилианэрэ зэпеуэм зи зэфIэкI къыщызыгъэлъэгъуахэм фIыщIэ хуащIащ литературэм, усыгъэм, псалъэм и пщIэр зэралъытэм, тхылъыр зэраIэпэгъум, тегушхуауэ утыкум зэритым папщIэ.

- Хэкум, бзэм, щIыуэпсым хуауса усэхэр куэду зэрызэхэтхар, сатырхэм ящIэлъ купщIэр фи гупсысэм зэрынэсар къызэрывгъэлъэгъуар гуапэ тщыхъуащ. Псом хуэмыдэу фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ зи анэдэлъхубзэкIэ усэ къеджахэм. АдэкIи бзэр вгъэлажьэ, евгъэфIакIуэ, хэвгъахъуэ! Усэ къеджа цIыкIухэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм зы гупсысэ вжесIэнут: усэхэр зэпеуэм хуэфэщэну къыхэфхащ. Ауэ сатырхэр зэрыхъукIэ езы ныбжьыщIэхэм зыхащIэным, псалъэхэм я мыхьэнэм гулъытэ хуащIыным нэхъ тевгъэгушхуэ.

Гухэхъуэщ усыгъэм зэхуишэса, ныбжьэгъу зэхуищIа щIэблэм уахэплъэну. Мы Iуэхур екIуу къызэзыгъэпэщ Шинкарёвэ Наталье, илъэс къэс щIэщыгъуэ зэрыхилъхьэр, зэпеуэм къыхыхьэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр си гуапэщ, - жиIащ Гугъуэт Заремэ.

НыбжьыщIэ 25-м зэпеуэм ехъулIэныгъэ щызыIэрагъэхьащ. Къэдгъэлъэгъуэну дыхуейщ текIуахэр. НэхъыщIэ дыдэхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр къыщахьащ Щомахуэ Лалинэ, Бауаев Iэмин, Юсуповэ Эльмирэ сымэ. Курыт гупым бжьыпэр щаубыдащ Къардэн Марие, Кудаев Кямран, Долженкэ Юрий. Къармокъуэ Азэмэт Гран-при хуагъэфэщащ. Нэхъыжьхэм ящыщу Хъаныкъуэ Iэминэ, Гуртуевэ Беллэ, Энеевэ Малика сымэ япэ хъуащ.

Тхыгъэри сурэтри
ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ *ейщ.*

Спорт IэнатIэр: дыгъуасэрэ нобэрэ

• ЗэIущIэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм щызэхалъхьэжащ нэгъабэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм кърикIуахэр икIи 2025 гъэм IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэр щызэпкърахащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, республикэм и спорт еджапIэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыналъэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр, спорт федерацэхэм я тхьэмадэхэр, Iуэхур зэхьэлIа нэгъуэщIхэри. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам.

ЗЭХУЭСЫМ щIадзэн ипэ къихуэу УФ-м спортымкIэ и мастер, спортым дунейпсо классымкIэ и мастер мардэхэр зыгъэзэщIа спортсменхэм къызэхуэсахэр ехъуэхъуащ икIи абыхэм хуагъэфэща тхылъхэр иратыжащ.

Iуэхум теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн. Ар тепсэлъыхьащ «Демографие», «Бизнес - спринт (Спортыр къыхызох) лъэпкъ пэхуэщIэхэм хыхьэу «Спортыр ди гъащIэм и мардэщ» къэрал пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр илъэс блэкIам зэрагъэзэщIа щIыкIэм, «Физическэ щэнхабзэмрэ цIыхубэ спортымрэ зегъэужьын», «Бизнес - спринт (Спортыр къыхызох) къэрал пэхуэщIэхэм япкъ иткIэ дызэрыт илъэсым зэлэжьыну къапэщылъ къалэнхэм. Ахэр псори хохьэ Урысей Федерацэм «Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьын» и къэрал программэм.

Республикэм нобэ иIэщ спорт ухуэныгъэ зэхуэмыдэу 1700-рэ. ЩIыналъэм щыпсэухэм я процент 62-м я гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ физкультурэм. Нэхъыбэу цIыхухэр дэзыхьэххэм ящыщщ бэнэкIэ хуитыр, алыдж-урым бэнэкIэр, дзюдор, тхэквондор, атлетикэ хьэлъэр. НэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэм зезытахэри мащIэкъым. ЖыпIэнурамэ, цIыхухэр узыншэу псэуным, я Iэпкъ-лъэпкъыр псыхьыным нэхъ егугъу хъуащ.

ЩIыналъэм щолажьэ Олимп джэгухэм хэтыфыну къалъытэу къыхаха спортсменхэр щагъэхьэзыр еджапIэу 14. Спорт лIэужьыгъуэу 22-м зыщыхуагъасэу абы екIуалIэ цIыху мин 11-м ядолажьэ тренер 371-рэ. Спорт еджапIэм и къалэн нэхъыщхьэр зэчий зыбгъэдэлъ спортсмен ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэнырщ, Олимп джэгухэм, дунейпсо утыкушхуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм я командэ къыхэхахэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуэным ахэр хуэгъэхьэзырынырщ, щIэблэ узыншэ къытщIэувэнырщ. НобэкIэ апхуэдэ спорт еджапIэхэр щыIэщ республикэм и Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм, Лэскэн, Тэрч, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм.

Министерствэм къыпэщылъ лэжьыгъэхэм ящыщу дызэрыт илъэсым Хъущтэ-Сырт къуажэм спорт утыку «губзыгъэ» жыхуаIэхэм хуэдэ щаухуэнущ (интернетым зыпыпщIэу спорт Iэмэпсымэхэр къэбгъэсэбэп, абыхэм зрибгъасэ, уриджэгу хъууэ), Зеикъуэ къуажэмрэ Хьэбэзрэ щагъэхьэзырынущ ГТО-м и мардэхэр тыным зыщыхуагъэхьэзыр щIыпIэхэр.

ПсынщIэу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыхыж, нэгъуэщI щIыпIэхэм бгъэIэпхъуэ хъухэм хуэдэ спорт зал Хьэсэней къуажэм щагъэувынущ. Абы нэмыщI, ди къалащхьэм дэт «Налшык» спорт комплексыр къызыхуэтыншэу мы гъэм зэрагъэпэщыжынущ.

ЕтIанэгъэ республикэм и щIыналъэхэм спорт площадкэу 3 щаухуэнущ, 2027 гъэм - иджыри 2. Абыхэм нэмыщI, 2026 гъэм Зэрэгъыж, Безенги къуажэхэм спорт залхэр щаIэтынущ.

2027 гъэм Налшык къалэм къыщызэIуахынущ узыншагъэр щызэтрагъэувэжфизкультурэ спорт комплексыщIэрэ Олимп джэгухэм хэтыфынухэр, зэчиифIэхэр боксым щыхуагъасэ спорт ухуэныгъэрэ.

2019 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щатащ спорт ухуэныгъэу 68-рэ, абы щыщу 10-р спорт комплексхэмрэ физкультурэ-узыншагъэр щызэтрагъэувэж ухуэныгъэхэмрэщ, 58-р спорт утыку зэIухахэрщ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ IэнатIэр илъэс кIуам хъарзынэу зэрылэжьар, ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр зэраIэр, абы къыдэкIуэу, я зэфIэкIым адэкIи хагъэхъуэн, лъагапIэщIэхэм нэсын папщIи зыхуеину псори къэралым къазэрыхузэригъэпэщыр.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

• Дзюдо

Утыкушхуэхэм хуэзэшат

«Podgorica Senior European Cup 2025» фIэщыгъэр зэрихьэу Черногорием и къалащхьэ Подгорицэ щекIуэкIащ Европэм и Кубокыр дзюдомкIэ къэхьэным хуэунэтIа дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэрал 29-м я спортсмен 210-м нэблагъэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту утыку къихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалитху икIи абыхэм ящыщу тIум медалхэр къахьащ. Килограмм 90 зи хьэлъагъхэм я деж Къуныжь Ролан япэ увыпIэр щиубыдащ. Дыщэ медалыр зыIэригъэхьэн папщIэ ди щIалэм зэIущIиплI иригъэкIуэкIащ.

Зэмбат Къантемыр япэ зэIущIищыр къихьри, зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэ ныкъуэм Великобританием и бэнакIуэм IущIащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар къытекIуащ икIи ди щIалэр домбеякъ медалымкIэ арэзы хъун хуей хъуащ.

«Ди спортсменхэр дунейпсо утыкушхуэхэм хуэзэшащ. Абыхэм зэфIэкIыфIхэр яIэщ икIи шэч къытесхьэркъым мыпхуэдэ зэIущIэхэм нэхъыбэрэ дыхэтыху нэхъ лъэщ ахэр зэрыхъунум, зыхуэпэбгъэн лъагапIэхэри адэкIэ къазырыщыпэплъэнум, нэсу зэрызыкъызэкъуахынум. Ахэр зыхущIэкъуни яIэщ, аращи, ехъулIэныгъэхэри абы къыдэкIуэнущ», - жиIащ ди щIалэхэм ядэлажьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Джэданэ Залым.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Медалищри домбеякъыу

• Тхэквондо

Урысей Федерацэм тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Мэзкуу областым и Люберцы къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 60-м я спортсмен 788-рэ, я ныбжькIэ илъэс 12 - 14 хъухэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лIыкIуэу зэхьэзэхуэм цIыху 11 щыIащ икIи я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм домбеякъ медалхэр 3-м къыщахьащ. Ахэр Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэу Iусен Руслан, Къурмэн Эмилие, Бахъсэн щIыналъэм щыщ Хьэджий Сабинэ сымэщ.

Ди командэм и тренерхэр Унэжокъуэ Абдельджэбаррэ Уэзрокъуэ Анзоррэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

• Гъуазджэ

Зарэ и хъуэпсапIэхэр къызытещ сурэтхэр

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ «Мечты на холсте» выставкэр. Лэжьыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIар сурэтыщI ныбжьыщIэ Тхьэгъэзит Зарэщ.

«Alira» арт-студием и унафэщI Мэрзей Иринэ и гъэсэн, зи ныбжьыр илъэс 13 фIэкIа мыхъу Зарэ и IэдакъэщIэкIхэр музейм щагъэлъэгъуэну зэрыхуэфащэм теухуауэ къыхилъхьа жэрдэмыр даIыгъащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм. И адэ-анэм зэрыжаIэмкIэ, ар сурэтыщI гъуазджэм пасэу дихьэхащ икIи ягу къинэжащ зэрыцIыкIурэ тхылъымпIэ кIапэм зэпымыууэ сурэт гуэрхэр трищIыхьу, плъыфэхэм дахьэхыу къызэрыхъуар. Сабий гъэсапIэм щыкIуэм и япэ сурэтхэр къэрэндащрэ тхылъымпIэкIэ ищIырт, зыхэтхэм и IэдакъэщIэкIхэр зэрефIэкIым гу лъыптэу. Зарэ и зэчийр нэхъри къыщызэкъуихащ Налшык и Сабий художественнэ школымрэ (и егъэджакIуэр Искандеровэ Анастасиещ) «Alira» арт-студиемрэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIеубыдэ Тхьэгъэзит Зарэ и лэжьыгъэ 55-рэ. Сурэтхэм щыболъагъу дуней псор зи дахагъэм ихьэхуа Iуащхьэмахуэ лъапэм, адыгэ пщащэм я теплъэхэр, щIыуэпсым, гъэм и зэманхэм я дахагъэр, удз гъэгъахэр, къуалэбзухэр, гупсысэ зыщIэлъ лэжьыгъэ щхъуэкIэплъыкIэхэр.

- Художник цIэрыIуэхэу Гог Винсентрэ Уорхол Эндирэ я лэжьыгъэхэр сфIэфIщ. Ахэр си щапхъэщ икIи языныкъуэ сурэтхэр щысщIкIэ абыхэм я нэкIэ къызэрызгъэлъэгъуэным и ужь ситщ. Сурэт щIыным къыдэкIуэу, художественнэ тхыгъэхэм седжэныр зыхэслъхьэ щымыIэу фIыуэ солъагъу, - жеIэ Тхьэгъэзитым.

- Зарэ къыдэкIуэтеиху сурэт щIыным щиIэ зэфIэкIхэм иджыри куэдкIэ зригъэужьынущ. Жэуаплыныгъэ пылъу, еш имыщIэу сыхьэт бжыгъэкIэ и лэжьыгъэхэм пэрысыфщ ар. Езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэ, дуней лъагъукIэ иIэжщ, плъыфэхэр хьэлэмэту къегъэсэбэп, - жеIэ Искандеровэ Анастасие.

Мы тхьэмахуэм и кIэ пщIондэ Зарэ и лэжьыгъэхэр ягъэлъэгъуэнущ.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.456
Заказыр №558
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.